


# MAZERA MANOMWE EKEREKE

 . . .Ishe Jesu vakaropafadzwa. Uye ndine tarisiro huru yokunge ndakatarisira kuhusiku uhwu hwemasevhisi, ndichivimba kuti nemamwe maitikiro, neimwe nzira, kuti Baba vedu veKudenga vachanyemwerera maropafadzo aVo kwatiri. Uye nguva zhinji ndinowana mukana wekupinda kuti ndive nemasevhisi aya muno mu—muchechi, pamwe neboka, imi boka duku, revari nhengo dzepano pachechi, uye nevaenzi, honguka.

<sup>2</sup> Uye izvi hazvina kuziviswa. Waingovawo musangano wemunamato weChitatu manheru. Uye ndakati, “Pamwe manheru ano tichaona kuti tichadzoka here.” Uye ndakafunga kuti taizozvitora, zvichida, uye tozvizivisira vhiki rinotevera, handiti, zvaizo. . .Hatikwanise kupa vanhu vakawandisa zvigaro pano.

<sup>3</sup> Uye mhando dzemasevhisi aya, kana Mwari vachitendera, hadzina kunangana ne. . .Dzakanangana neChechi, kuti Chechi ibatsirike, patinonzwa kuti dziri kudikanwa zvikuru panguva ino, kwese-kwese, zvirimo, zvakare, pakusimudzirwa kweMutumbi waKristu. Uye, zvino izvi, mukudzidzisa. Ndakava nemasevhisi ekupodzwa kwevarwere kwemakore 8, akatevedzana; uye tevere, kudzidzisa, zvichava imwe mhando yechimwe chinhu chitsva.

<sup>4</sup> Uye ndanga ndichifunga, masikati anhasi, pandavhura Bhaibheri, mushure mekubatikana zvikuru zuva rose. Ndafunga, “Zvino, ndakaudza vanhu kuti ndaizodzidzisa pa*Mazera Manomwe EKereke*, zvichida, kana Ishe vachitendera.” Ndatanga kuverenga, ndikabva ndazviwana, ndikafara chaizvo, pandatanga kuzviverenga. Uye ndafunga kuti, “Zvakanaka, ndinogona kutora zvose izvozvo muhusiku humwe, muawa imwe.”

<sup>5</sup> Saka, handina kuziva kuti Mweya Mutsvene waizoda kuti tiitei. Isu, hatiedze kuronga chero chinhu. Kunongova, “Kana kuri kuda kweNyu, Ishe,” munoono. Ndizvo zvakanakisisa zvacho. Uye saka, kana kuri kuda kwaShe, ndinoda kudzidzisa manheru ano pamazera ekereke, uye mangwana manheru pane *Munembo WeChikara*, uye husiku hunozotevera hwacho pa*Chisimbiso ChaMwari*, uye ichocho.

<sup>6</sup> Uye, zvakare, Mugovera. Wangu, hama yedu, muchengeti wepano, vanga vachindiudza, nhasi; vati, “Kana vakava nayo Mugovera manheru neSvondo mangwanani, kazhinji, pari ipo vaenzi pavanouya pakati pedu, manjeka, chechi inenge yakasviba zvakananyisa, nezvimwe zvakadaro.”

<sup>7</sup> Saka vapa pfungwa yekuti kungova neChitatu, China, neChishanu, neSvondo mangwanani, Svondo manheru. Ini

ndikati, “Zvinoka, zvingava zvakanakisa, pakungofungawo kwangu.”

<sup>8</sup> Saka zvino tichaedza, kana Ishe vachitendera, kuva nayo Chitatu, China, Chishanu, Svondo mangwanani, neSvondo manheru. Uye, pamwe, manheru eSvondo tinogona kuva nesevhisi yerubhabhatidzo, sezvo vanhu vanga vachitobvunza nezvekubhabhatidzwa. Uye saka zvino . . .

<sup>9</sup> Uye tichaedza, manheru ega-ega, kutanga nenguva, nenguva dza 7:30. Uye ndichadaro, ndichasvika papuratifomu na 8 o'clock, tinofanira kunge tabuda mutabhenakeri na 9:30, kana Ishe vachitendera. Kuitira kuti imi . . . Ndinoziva kuti munoshanda, uye tine ruremekedzo kune izvozvo.

<sup>10</sup> Uye zvino Mharidzo duku idzi dzinobva muBhuku raZvakazarurwa dzakanangana neChechi. Uye ndinoshuva kuti munhu wose ave neizvi mupfungwa dzake, kuti hadzina kunangana nechitendero chemumwewo munhu, kana chimwewo chinangwa; kungoti bedzi, pakuziva kwangu kwakanakisisa, pakuverenga nekutsanangura Shoko raMwari. Maona? Hakusi kumanikidzira chimwewo chinangwa chehundini, kana kuti hazvina kunangana nemumwewo munhu, chero dungamunhu, kana chechi yemumwe munhu, chitendero chemumwewo munhu.

<sup>11</sup> Uye chikonzero ndichifarira kudzidzisa pamusoro pechizaruro ichi pano patabhenakeri, iri iyo chechi yangu, handiti, ndinogonzwa kuti ndiri kumba. Uye—uye ndinongo, munoziva, zvinoita sekupa makwai angu mhando yechikafu chandinofunga kuti anoda, munoziva. Kumwe kure- . . .

<sup>12</sup> Vanhu, dzimwe nguva vanotoisa tumunyu tushoma kana al—al—alfalfa yacho yava nechakuvhe zvishoma, munoziva. Zvinogona kukanganisa makwai kana ukasadaro. Saka, pano neapo, zvichida kana alfalfa yava nechakuvhe pachechi, uye—uye panosimuka kusawirirana kushoma, saka ndinofunga munyu mushoma, unoita sekuti, unorunga, hamufunge kudaro here? Unoita sekuadzivirira kuti asarware.

<sup>13</sup> Saka zvino tinonamata kuti—kuti Mwari vachatiropafadza mukushingaira uku. Uye vangani . . .? Kungonzwa, sevarume nevakadzi, sezvatiri, ndinoda kutarisa pane izvozvo, mangwana manheru, pamusoro pekuti, “Munembo wechikara chii?” Pane zvakawanda nezvawo muBhaibheri. “Ndiani anawo? Uye ndiani achava nawo?”

<sup>14</sup> Uyezve, zvinotevera, pari kuuya nguva apo iwo uchazovapo. Uye handizive, anogona kuva ari iye zvino. Tichatarisa toona, hongu, kuti, kuchange kuine mapoka 2 chete evanhu panyika, uye rimwe richaiswa munembo nadhiyabhore, uye rimwe racho mucherechedzo waMwari. Uye ndinofunga, kuti kana tave kusvika panguva iyoyo, zviri nani tiite sekutarisa kwese-kwese, kuona kuti chinhu ichocho chii, nekuti zvirokwazvo hachisi

kuzongouya sechimwe chinhu chikuru kwazvo. Bhaibheri rakati chaizoverevedza chichipinda zviru nyore, zvekuti, “Zvaizonyengera vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka.” Saka tichaedza, kana Mwari vachitendera, kutarisa mazviru, mangwana manheru. Zvino, ndizvo zvakanakisa zvangu. . .

<sup>15</sup> Zvino, huyai neBhaibheri renyu, nepenzura yenyu nebepa, uye muchida kunyora pasi Magwaro acho. Uye, kana usingafungi kuti ndizvo chaizvo, ndinyorere katsamba kadiki wokaisa kuitira pahusiku hunotevera.

<sup>16</sup> Ndinorangarira ndichigara gore nemwedzi 6 muBhuku rino raZvakazarurwa, mu—mutabhenakeri muno. Ndizvo zvandinofarira, mu—mukudzidzisa. Ndinongokuda kudzidzisa. Oo, ini zvangu! Ndi—ndi—ndi—ndinofunga kuti kwakanakisa. Kunopa hwaro, uye kwodzikamisa chechi.

<sup>17</sup> Uye, mukuparidza, zvino, kune vamwe vanhu vari vaparidzi. Vanokwanisa kutora Shoko, nekufemerwa, voRitenderedza kunze uko mudzinzvimbo. Ndiko kudiridza Mbeu idzo dzakadzidziswa nemudzidzisi. Maona? Zvino, unofanira kuisa Mbeu, kutanga, zvino woIdiridza. Zvino kudiridza kunobva pakuparidzwa kweShoko.

<sup>18</sup> Pane musiyano mukuru, kwazvo pakati pemudzidzisi nemuparidzi. Maona? Zvipo 2 zvakasiyana zveMweya, zvachose, zvipo 2 zvakasiyana. Uye ndinotaura izvi nekuzvininipisa, asi, handina chimwe chezvipo izvozvi.

<sup>19</sup> Asi changu, semazuva ese, kunamatira vanorwara. Ndizvo zvandakadanirwa naShe kuti ndiite. Uye zvakare, munguva ino, zvino pa kumwe kuzorora kupfungwa dzangu, kunzvera pane chimwe chinhu chakasiyana, tisiri kuva nemasevhisi ekupodza kwaMwari; kuri kungo—kungodzidzisa Shoko chete. Uye, oo, tinonzwanana zvakanaka chaizvo pano. Isu. . . Ndinorangarira, makatsungirira neni kwenguva yakareba, angangoita makore 12 pano, pazviru.

<sup>20</sup> Zvino ndaisitaura ne. . . Ndisingazvireve mukutamba, asi, dzidziso yakakwasharara kwazvo, ndakati, “Zvakangofanana nemunhu ari kuenda kutafura uye achidya chimodho nebhinzi.” Zvino, zvakakunakira, asi unosvika pakuneta nazvo, pano neapo, wovawo nechimwe chinhu parutivi, aizikirimu nekeke, pano neapo, zvoziita kuti zvienzanise pachikafu chiri kudyiwa. Asi zvinhu zvakanaka zvechinyakare zvinogara newe zvakanakisa, uye, zvisinei hazvo, zvinokupa pekutangira.

<sup>21</sup> Zvino, mune izvi, zviru pakutenda kwangu kwakaninipa kuti tiri kurarama mumazuva ekupfigwa kwenhoroo yenyika. Ndinoda kunyatsozvijekesa izvozvo. Zvino, ndinogona kunge ndiri kukanganisa. Handizive. Hapana mumwe anoziva. Jesu akati, “Kunyange Ngirozi dzeKudenga hadzimboziva.” Akanga asingazive, pachaKe. Akati, “Zvinongozivikanwa chete naBaba, ndiVo voga Vanoziva.” Asi ndezvechokwadi uye mazvirokwazvo

kuti Ari kudzoka. Uye handisi kuona chimwe chinhu chasara kunze kwere- . . . Kuuya kwaShe.

<sup>22</sup> Apo, pandinotarisa ndoona, nyika yaparara. Ndinoona zvementongerwo enyika zvaparara. Ndinoona misha yaparara. Ndinoona chechi yaparara. Ini. . . Hapana chimwe chinhu chinogona kuzvigadzirisa, kunze kwaMwari, ndizvo zvoga, nokuti havana chimwe chinhuzve. Hunhu chaihwo hwenyika hwaparara. Uye mapato ezvementongerwo enyika akaparara; pataivimba zvakanyanya mune zvementongerwo enyika zvedu; zvakaparara.

<sup>23</sup> Zvino mumwe muchinda mukuru muEngland, nguva shoma yapfuura, akati, “Zvinoka, gutsaruzhinji rinongova—rinongova zizi risina nyanga.” Akati, “Pachazosvika nguva yekuti vanenge vari pazvimabhokisi zvemapuranga, vachikambena.” Zvinoka, ichokwadi. Asi haana kufunga nezve yake inodikanwa House of Lords, kuti yaingovawo zizi risina nyanga, zvakare. Yakabhururukawo, zvakare.

<sup>24</sup> Uye humambo hwose hwenyika ino huchaparadzwa kuita zvidimbu. Jesu Kristu aчатonga uye achabata hushe. Saka pane:

Tariro dzangu hadzina kuvakirwa pane  
chimwe chinhu chisiri  
Ropa raJesu nekururama;  
Kana zvose zvakapoteredza mweya wangu  
zvakundika,  
Ndiye tariro yangu yese nembambo.  
Pana Kristu, Dombo rakasimba, ndinomira;  
Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

<sup>25</sup> Uye, oo, ndinoshuva zvino kuti dai tanga tiri kutanga masevhisi emwedzi 3 ekudzidzisa, kuti tigopinda muBhuku raZvakazarurwa toribatandiza naDhanieri, chiratidzo chikuru chiya.

<sup>26</sup> Vangani vasara, muboka duku pano, vairangarira pandakanga ndiine chati yekare neche pano? Ndinoziva kuti Hama Head vaivapo, uye taiva tine vakati kuti venyu pano pandakanga ndine chati yekare iyi.

<sup>27</sup> Zvino, Bhuku raZvakazarurwa, magadzirirwo aRakaitwa. Uye Dhanieri anobatana pamwe naRo. Isaya anobatana pamwe naRo. Testamende Yekare yose inobata pamwe naRo. Uye IBhuku reChizaruro chaJesu Kristu. Maona? Bhuku reChizaruro chaJesu Kristu.

<sup>28</sup> Uyezve, imomo, mune Machechi Manomwe, Matenda Manomwe, Zvisimbiso Zvinomwe, Hwamanda Nomwe. Zvino, hwamanda inomiririra hondo; chisimbiso, chakavanzika chi- . . . chichibhedhenuka; zvino denda ndiro rinotevera hondo imwe neimwe.

<sup>29</sup> Uye nebetsero yaMwari, uyezve nebhuku renhoroondo, ndinogona kukuratidzai kuti tiri kurarama paHwamanda yeChinomwe, paDenda reChinomwe, neChisimbiso cheChinomwe kuti chizarurwe, neNdiro yeChinomwe ichidururwa.

<sup>30</sup> Panorira yechitanhatu; tichasvika pairi, zvichida, kuiswa chisimbiso, musi weChishanu manheru. Apo Hondo Yepasi Rose Yekutanga, handiti, iyo...Hwamanda yeChitanhatu iya yakarira zviru maererano, chaizvo zviru maererano nenguva iyo Mwari vakataura nezvayo. Chaizvoizvo, maringe nenzvimbo, zvichitevera chisimbiso chaive kumashure kwacho. Zvino chakavanzika pachakazarurwa imomo, cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; uye va—uye vanhu ipapo, kuti chechi haina kufambira mberi sei; uye avo vaifamba vakaramba kufamba muChiedza, ndokudzokera. Zvino denda rakazarurwa panguva iyoyo, rikadururirwa panyika yose, iro raiva furuwenza, yakauraya vanhu vose sezvayakaita, zviuru nezviuru zvakapetwa zviuru.

<sup>31</sup> Zvino tichidzika muzera rino rokupedzisira, ratiri pano. Zvino chingouya ugoteerera kuti Ishe vanoti kudii pamusoro pazvo, muShoko raVo. Zvino, izvi hazvisi zvekufunga kwangu. Ndiri kungozviverenga sepepanhau, kubva chaimo muShoko raMwari. Saka, Ichi chizaruro chaVo chakananga kuChechi, kuChechi; Chizaruro chaJesu Kristu, kuChechi.

<sup>32</sup> Zvino, tisati tataura naVo, kana kutaura pamusoro pezvinyorwa zvaVo, ngatikotamisei misoro yedu titaure naVo kwechinguvana mushoko remunamato.

<sup>33</sup> Baba vedu vane mutsa vari Kudenga, tichikotamisa misoro yedu nekurevesa kuguruva, kwatakatorwa uye kwatichadzokera rimwe zuva, kana Mukanonoka henyu. Tinotsikitsira mukuzvinipisa, kuti tikumbire kuti Muve pedyo nesu, manheru ano, kuti mutiropafadze. Ndinogona kuzarura mapeji eBhaibheri iri, asi hapana munhu anokwanisa kuzarura Bhuku kana kusunungura zvisimbiso zvaro. Uye zvakanorwa Munu umu, “Uyo anobvisa mune iRi, achabviswa, chikamu chake, chemuBhuku reHupenyu; uye anowedzera kwaRiri, matenda aMwari achadururirwa pamusoro pake.”

<sup>34</sup> Baba, tichicherechedza, sevarume nevakadzi vanofa vagere pano manheru ano, tichiziva kuti tiri vanhu vari kuenda kuna Ziyendanakuenda, Mwari, dai Mweya Mutsvene wauya, Munyori weBhaibheri rino, uye atizarurire mapeji aya. Uye dai muranda weNyu akaninipa, asina zvaanobatsira akaparidza semunhu ari kufa kuvanhu vari kufa, sokunge iyi ndiyo shumiro yokupedzisira yandichazova nayo kudivi rino raZiyendanakuenda, husiku hwekupedzisira hwataizungana pamwe chete. Uye dai mumwe nemumwe weungano agoita manheru ano sekunge ino ndiyo mharidzo

yavo yekupedzisira yavari kuzonzwa. Mwari, bvisai hupenzi hwose. Tiitei vakaperera, tichiziva kuti tinofanira kupindurira paKutonga kwaMwari, rimwe zuva. Uye maonero edu kwaVari neShoko raVo, zvino, ndiwo acharatidza magumo edu emuna Ziyendanakuenda.

<sup>35</sup> Saka, Baba, nemoyo inodendera, tinouya kwaMuri, uye tichikumbira. Itai Ishe Jesu, muchimiro cheMweya Mutsvene, vatore Shoko raMwari, manheru ano, vagoRipa kumoyo wose, sekushuva kwatinako. Nokuti tinozvikumbara muZita raKe. Amen.

<sup>36</sup> Zvingangoita sezvisinganzwisike zvishoma kwandiri, kwechinguvana zvino, mukuedza kutanga kuvhura musoro wenyaya wekudzidzisa. Nokuti, zvagara zvingori pakupodza kwaMwari kwemakore mashoma apfuura, uyezve, kana kuti, zvakare, kwete pachiporofita, nenzira ipi zvayo, uyezve—uyeveve tobva tapinda mumutsara wekunamatira vanhu.

<sup>37</sup> Asi zvino, manheru ano, tinoda kuwana nheyo yeBhuku ratiri kukumbira Mwari kuti vatizarurire, ndiro Bhuku reChizaruro chaJesu Kristu.

<sup>38</sup> Bhuku iri rakanyorwa mungangoita muna A.D. 96, maringe nevanyori, uye akanga ari Johane anodikanwa.

<sup>39</sup> Uye akava nechiratidzo ichi pachitsuwa chePatimosi, chitsuwa chiri muAegean Sea, anenge mamaira 15, kana zvakadaro, kuchitenderera, pakuchipotera, nzvimbo ine matombo izere nenyoka, nezvimwe zvakadaro, iyo nyika yechiRoma yaichishandisa seAlcatraz, sezvatinazvo nhasi, nzvimbo yaiendeswa makororo ayo aitadza kugadziriswa nehurumende.

<sup>40</sup> Zvino Bhuku iri rakanyorwa newekupedzisira wevaapostora vaIshe wedu Jesu Kristu, anotendwa kuva uyo anodikanwa akazembera pachipfuva chaKe mushure merumuko; uye Akati, “Zvinei nemi kana akagara kusvikira Ndichiuya?” Johane akafa, akwegura. Mumwe nemumwe wevakafira chitendero vakasimbisa huchapupu hwavo neropa ravo pachavo.

<sup>41</sup> Johane, magumo akava sekudai: Akabatwa, uye akafashaidzwa mudhiramu remafuta kwemaawa 24, remafuta anopisa aifashaira, uye pasina kukuvara kwaiuya paari. Zvino vakamuisa pachitsuwa, zvichitendwa neruzhinji, kuti muroyi, “Akaroya mafuta kuti asamupise,” vakadaro. Hongu, raiva simba raMwari, iroro. Haugone kufashaidza Mweya Mutsvene kubva mumunhu. Handiti! Saka vakaedza kuUfashaidza kuti ubude maari, asi Mwari havana kuzvitendera. Uye Vakanga vaine basa rokuti aite. Uye kusvikira Mwari vazopedza nemunhu waVo, hapana chinhu munyika chingamuvhiringa. Ndizvo zvoga.

<sup>42</sup> Zvino, Johane akwegura, iye...vanoudzwa nevanyori venhorondo, kuti akaunzwa ku—kuchechi, kuti aparidze. Uye

akanga akwegura kwazvo, chinhu choga chaaitaura, ndechekuti, “Vana vaduku, dananai.”

<sup>43</sup> Ndinokuudzai, ndicho chinhu chakanaka kwazvo chekuperidza pamusoro pachu. “Vana vaduku, dananai.” Pandinokwegurawo, mushumiro zvino, uye zvangu... tingati mugore rangu rechi 21. Ndinofunga, nguva dzose pandinofambira mberi, kuti izvi... Pandinowedzera kufunga nezvaIshe Jesu, ndipo pandinowedzera kuona kuti rudo ndirwo rwunofukidza chinhu chacho chese. “Rudo rwaMwari, rwakadururwa mumwoyo yedu neMweya Mutsvene.”

<sup>44</sup> Zvino tichangoverenga ndima shoma pano, kuti... titange, uye tobva tapinda chaimo mudzidziso yechechi. Uye zvakare ndoedza kuzvisvitsa panzvimbo, kana Mwari vachitendera, munguva iyoyi yakadai yandinayo, kuzvisvitsa kune kwatinogona kupinda kwekuti tigone kutora, *Munembo Wechikara*, zvemangwana manheru.

<sup>45</sup> Zvino, izvi ndezvekereke. Zvino, ndichaedza kubata, kana iyo bedzi, chechi yeEfeso, chechi yekutanga, nechechi yekupedzisira yatiri kurarama mairi zvino, chechi yeRaodhikia zvino.

*Chizaruro chaJesu Kristu, chaakapihwa naMwari, kuti aratidze varanda vake zvinhu izvo zvinofanira kukurumidza kuitika; uye akatuma mutumwa wake ndokuzivisa... akatuma ndokuzvivisa nemutumwa wake kune muranda wake Johane:*

<sup>46</sup> Zvino, Gwaro rintipa pekutangira pano. Ichi, “Chizaruro...” Kana kuti, izwi rekuti *chizaruro* rinoreva “chimwe chinhu chakaiswa pachena.” “Chizaruro chaJesu Kristu,” chakapihwa kuna Johane. Uye ngirozi yakatumwa kuzopupura, kana kuchizivisa.

*Uye iye wakapupurira shoko raMwari, nechapupu chaJesu Kristu, nezvezvinhu zvaakaona.*

*Akaropafadzwa uyo anoverenga,...*

<sup>47</sup> Vangani vangada kuva neropafadzo? Zvino, Riverenge. Munoono, “uyo anoverenga.”

*Akaropafadzwa uyo anoverenga, navanonzwa mashoko echiporofita, uye nokuchengeta zvinhu izvo zvakanjorwa imomo: nokuti nguva yava pedyo.*

<sup>48</sup> Nemamwe mashoko, kwete kuti nguva yaive pedyo *ipapo*, asi kuti, “Nguva yave pedyo, pavanoona Shoko iri richipedziswa, pava neChizaruro chakakwana.”

<sup>49</sup> Mwari pavakatanga, seuyo anodhirowa mufananidzo achidhirowa mufananidzo wechimwe chinhu, Vanotanga kuzadza zvikamu zvaVo. Unogona kutanga kuuona uchiumbika. Uye paunotanga pekutanga kweBhuku raZvakazarurwa, unoono Jesu Kristu achitanga kuuya mumufananidzo. Uye

kwekupedzisira kwaRo, unoMuwona muhuzere, agere neChechi yaKe, akabwinyiswa; mazuva ose echivi nenhamo nemiyedzo zvapera, uye Kristu akagara neChechi yaKe, muMatenga makuru kumusoro.

<sup>50</sup> Zvakanaka, ndima 4. Teererai. “Johane kumakereke...” Zvino, uyu ndiJohane ari kutaura. Pekutanga, vanga vari Mwari vachizivisa Chizaruro chaJesu Kristu. Pechipiri:

*Johane ku...makereke ari muAsia: Nyasha ngadzive nemi, norugare, zvinobva kuna iye aripo, wakanga aripo, uye achazovapo; uye kubva kuMweya 7 iri pamberi paMwari;*

<sup>51</sup> Oo, dai tiine bhodhi dema rekunyorera pano zvino, kuti tiwane kudhirowa, zvishoma, munoona, “Mweya 7 iri pamberi paMwari;”

<sup>52</sup> Zvino, kuchengetedza nguva shoma, uye ndichitenda kuti ini...ndichiziva kuti handingarevi chinhu zvisizvo, zvekungoitawo munyika. Uye kana mukava nekupokana zvishoma pazviri, zvinoyerei pasi mozondibvunza, zvino ndichakupai Gwaro racho. Uye zvino sezvo tichifanira kukurumidza kuti tipinde mune izvi, takamanikidzwa kwazvo panguva.

<sup>53</sup> Zvino, “Mweya 7 iri pamberi paMwari.” Mweya 7 iyi yakamiririrwa seMweya 7 yaizotumirwa muMazera Manomwe EKereke, “Mweya 7 iri pamberi paMwari.” Taigona kutora kubva muTestamende Yekare, zvino toitora ikoko, dai tanga tiine nguva.

*uye kubva kuna Jesu Kristu, anova chapupu chakatendeka, uye dangwe kuvakafa, nemuchinda wamadzishe enyika. Kuna iye akatida, uye akatisuka...*

<sup>54</sup> Ini zvangu, ingotarisai Johane akanyatsobatikana kumusoro uko, paakatarisa. Anongotanga kutaura. Akati:

*...-kuna iye akatida, uye akatisuka kubva pazvivi zvedu neropa rake iye,*

*Uye akatiita madzimambo navaprisita kuna Mwari...Baba vake; kwaari ngakuve kubwinya nehumambo nokusingaperi-peri. Amenii.*

<sup>55</sup> “Wakatiita vapisita nemadzimambo kuna Mwari.” “Isu” muhuzhinji. Kwete kuti “akandiita muprisita namambo;” asi, “akatiita,” Chechi.

<sup>56</sup> Zvino, ari kutaurira machechi 7 aya, nekuti Mazera Manomwe EKereke.

<sup>57</sup> Zvino, akati, “Hutongi nekubwinya, uye ngazvive kwaAri nekusingaperi-peri.”



58 “Akatiita vaprisita.” Makamboziva here kuti muprisita chii, kuti hofisi yake ndeyei? Muprisita ndewekupirisa chibayiro, nokureverera. Uye muna VaHebheru, Yakati iyo isu, Chechi, tiri huprisita wehumambo, “Huprisita wehumambo, rudzi rutsvene, vanhu vane musiyano.” Maona? “Rudzi rutsvene, vanhu vane musiyano, huprisita wehumambo.” “Tichipirisa,” hezvinoi izvi zvino: “tichipirisa zvibairo zvepamweya,” murume nemudzimai wese anouya kuna Mwari anopinda muchidzitiro.

59 MuTestamende Yekare, paingova ne...paiva nechidzitiro chairembera pakati penzvimbo tsvene neNzvimbo tsvene-tsvene. Aroni chete, ega, ndiye aifanira kupindamo, kamwe chete pagore. Asi munhu wese akava muprisita, aigona kuruma, kana kuravira mana yepamavambo yakatorwa naMosesi naAroni pazuva rekutanga mana payakatanga kudonha kubva kudenga. Pavakayambuka rwizi rweJorodhani...

60 Vavengi vakaurayiwa, shure kwavo. Zvino zuva rakatevera racho vakabuda, uye pasi pose zvapo, paive netumahwendefa. Mwari vakatunaisa kubva kudenga. Vakatudaidza kuti “mana,” twainaka sehuchi. Uye vanhu vaifanirwa kungonhonga yaivakwanira zuva rimwe chete iroro. Kana vakaichengeta kusvika mangwana, yaiora.

61 Zvino Mwari vakaudza Mosesi naAroni kuti vabude vatore maomeri akati wandei azere nayo, mabhasikiti makuru, uye voisa mu...paareka, Nzvimbo Tsvene.

62 Zvino ipapo, kuti, nguva yose mushure mechizvarwa ichocho, kuti chizvarwa chimwe nechimwe chaitevera ichocho, chero bedzi huprisita ihwohwo hwekwaRevhi huchingovapo, ndofunga kudaro, kuti murume wose aikodzera kuva muprisita, paigadzwa kuva muprisita, aiva nekodzero yakakwana yekuwana mana yepamavambo inozadza muromo wake. Pafungei. Mukana wakadini uyo varume ava vakafunga kuti vaizova nawo, kana munhu aziva kuti akanga ari kuzouya muhuprisita! Ari kuzozadza mu—mukanwa nechikafu chemweya chakabhekwa pamweya, chakakurungwa pamweya, chakabva kuna Mwari kubva kudenga, icho chainge chakachengetwa nesimba remweya.

63 Shumiro yacho yose ndeyemweya. Ko vanhu vangagozviti Makristu chirudzii, uye voramba chemweya? Handitozive kuti vanozviita sei, ini pachangu. Tarisai. Asi, chemweya! Aimedza chemweya, paapingova muprisita.

64 Mufananidzo wakaisvonaka kwazvo wazvino, kuti munhu wese...Mazuva iwayo, vaitofanira kuzvarwa mune rimwe dzinza, raRevhi, vasati vava muprisita, asi zvino ndi “ani naani anoda, ngaauye.” Maona? Zvino pavanongouya ipapo, zvakadaro, vanofanirwa...pane Kuberekwa kunoverengerwa mazviriwo, zvakare. “Unofanira kuberekwa patsva.” Uye murume wese kana mudzimai akaberekwa patsva, neMweya

waMwari, ane kodzero yekune (zuva rino), mana yacho. Mana iyi Mweya Mutsvene.

<sup>65</sup> Apo Petro...mushure mekunge vabuda munyonganyonga huru, uye humbwende hwabva pavari, uye Ishe vaivaropafadza, uye Mweya Mutsvene wakaburuka paZuva rePentekosti. Vakabuda kuenda mumugwagwa ndokutanga kuzhambatata, vachiita sevanhu vanopenga, zvekutoti vanhu vose vakafunga kuti vainge vakadhakwa. “Nhai, handizive kuti tichaita sei nezvazvo?” Wese mu...Kunyange vechitendero, ipapo, vakafunga kuti vanhu ivavo vainge vakadhakwa.

<sup>66</sup> Zvino teerera, shamwari yangu muKatorike, Maria mhandara yakaropafadzwa aiva navo. Uye kana aisakwanisa kuenda Kudenga kusvikira aenda kumusoro ikoko ndokuravira chimwe Chinhu icho chakaita kuti aite semudzimai akadhakwa, ko uchasvikako sei nechimwewo chiri pasi peizvozvo? Asi akagamuchira chimwe Chinhu. “120, pamwe nemadzimai, Maria Magadharena nevamwe,” ndokuenda kunze munzira, vachiita sevanhu vakadhakwa, vachidzedzereka.

<sup>67</sup> Kusvikira chaiyo (Kana mukaregererawo matauriro aya.), chechi yemhando yepamusoro yezuva iroro yakati, “Vatarisei! Zvinoratidza zvavari. Vose vakadhakwa newaini itsva.”

<sup>68</sup> Ndizvo zvaYaiva. Zvino teererai, Petro akati (Zvino vakatanga kuti...), akati, “Imi varume veJerusarema, imi munogara muJudhea, ngazvizivikanwe kwamuri, uye teererai kumashoko angu: Ava havana kudhakwa.” Zvino, ndiri kutaura pamusoro pechechi yeEfeso pano, zvino. Maona? Maona? Zvakana, zera rechechi yekutanga. Akati, “Ava havana kudhakwa, sezvamunofunga imi. Ino inguva yechitatu yezuva; mabhawa haasati atombohurwa. Sei...? Asika, ino inguva yechitatu yezuva.” Akati, “Asi *izvi* ndizvo *zviya* zvakataurwa nemuporofita Joere. Zvakanyorwa muBhaibheri renyu pachenyu. MuBhaibheri renyu imi, izvi zvakanyorwa, kuti chinhu ichi chichaitika. Handiti,” akataura, kuti, “munofanira kunge makaziva zvinhu izvi, imi vadzidzisi.”

<sup>69</sup> Zvinoka, zvingave here, zvingori se—sechechi yakaunzwa pasi pekuratidzwa ikoko, nekuratidzwa kumwe chete kwakavimbisirwa mazuva ekupedzisira, hamugone here kunongedzera kumashure moti, “Izvi ndizvo here zviya zvakataurwa?” Maona? Hezvoka izvo. Uye nyika yekunze haina chainoziva pamusoro pazvo; hu—hupenzi kwavari. Zvino vakati...

<sup>70</sup> Akati, “Tarisai pano.”

Ivo ndokuti, “Zvino...” pavakanzwa izvi.

Akavaudza kuti vakanga varoverera Jesu sei. Uye nguva dzose...

<sup>71</sup> Unogona kuregererwa pakuroverera Jesu pamuchinjikwa. Unogona kuwana kuregererwa pakutora Zita raKe pasina. “Asi uyo anotaura achipesana neMweya Mutsvene, haazomboregererwa, munyika ino, kana munyika inouya.” Tiri mumazuva ekupedzisira, saka chenjera. Famba wakazvininipisa. Iva nemweya unozvidemba, wakaputsika; moyo wakazvininipisa, unoda kurega Mweya Mutsvene uchikutungamirira. Ameni. Zvakanaka. Oo, ini zvangu!

<sup>72</sup> Havoka avo, vose vari kumusoro uko, vangori vanhu vari kuita sekunge... Vaiva mbwende, maawa mashoma kumashure kwacho; vakazvipfigira muimba yepamusoro. Asi Mweya Mutsvene pawakauya pavari ndokuzadza mwoyo yavo, vakabuda kuenda mumigwaga! Handifunge kuti vaiva... Vakanga vasiri kuita zvinhu zvakaipa. Vakanga vari kunze uko vachifara uye vachirumbidza Mwari, ne—nenzira yokuti pakava nokuratidzwa. Vakanga vasingori kunze uko vachikakavadzana zvino, kuti vaiva maMethodisti here kana Baptisti, vaiva, kana kuti vaiva vaFarise kana vaSadhuse. Vakanga vari kunze uko vachifara nokuti vakanga varavira Denga mumweya wavo. Mwari vakanga vavapa mana yepamweya.

<sup>73</sup> Zvino, saMwari vakadurura mana ikoko panyama, uye ikagara mazuva ose avaiwa parwendo; mufananidzo wakanaka. Zvino zuva ravakapinda munyika yechipikirwa, mana yakapera.

Uye paZuva rePentekosti, zvimwe chetezvo . . .

<sup>74</sup> Tarisai Pentekosti, kuna Mosesi. Vakatarisa kumashure ndokuona muvengi afa. Miriamu akatora tamborini, ndokutanga kuiridza, nekudanidzira, nekutamba, ndokumhanya achidzika nemahombekombe. Madzimai akamutevera, achiita zvimwe chetezvo. Zvino Mosesi akasimudza maoko ake mudenga, ndokuimba muMweya.

<sup>75</sup> PaPentekosti, madzimai akabuda, achidzedzereka, nekusvetuka, nekutamba, nekungoenderera. Petro akasimuka pakati pavo, ndokuti, “Imi varume veJudhea, nemi munogara muJerusarema, ngazvizivikanwe kwamuri, uye teererai kune mashoko angu: Nekuti ava havana kudhakwa, sezvamunofunga imi, muchiona kuti iawa yechitatu yezuva. Izvi ndizvo zviya zvakataurwa nemuporofita Joere; ‘Zvichaitika mumazuva ekupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose: vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita: pamusoro pavarandakadzi nevashandirikadzi vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu; uye vachaporofita: Ndicharatidza zvishamiso mumatenga kumusoro, nezasi penyika; shongwe dzemoto, nemhute, nechitsi: Uye zvichaitika kuti, zuva guru uye rinotyisa raJehovha risati rasvika, kuti ani naani achadana paZita raShe achaponeswa.’” Akaramba achienderera mberi, nokuparidza.

<sup>76</sup> Zvino pavakanzwa izvi, vakateerera. Vakati, “Tarisai muchinda uyo! Akawanepi dzidzo iyi?” Vamwe vavo vakati, “Haatombogona kana kunyora zita rake iye.” Bhaibheri rakati, “Akanga ari murume asina zivo uye asina kudzidza. Akabva kuchikoro chipi? Hapana. Manje, izvi zvakamboitika chirudzii? Izvi zvakamboitika chirudzii?” Vakacherechedza, vakati, “Saka, toti, murume uyo ari kunyatsodzokorora Gwaro. Uye hatina kumboRinzwa saizvozvo kumashure.” Maona?

<sup>77</sup> Akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira Mweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu, vana venyu, kune avo vari kure, nevose avo vachadanwa naIshe Mwari wedu.” Nemamwe mashoko, “Ropafadzo remana iri rakawira pano chaipo, sezvazvakaita pamana kumashure uko, richava rechizvarwa chino, chizvarwa chinotevera, chizvarwa chinotevera, kuJeffersonville, Indiana, nekunzvimbo dziri kuresa pasi rose.”

<sup>78</sup> Uye Mweya Mutsvene mumwe chete wakaburuka *ipapo*, uri kuburuka *zvino*; zvibereko zvimwe chete, chinhu chimwe chete, vanhu vamwe chete. Munoono zvandiri kureva? Zvakangonyatsokwana!

<sup>79</sup> Cherechedzai, “Ndichamupa; uyo anokunda, ndichamupa Chingwa cheHupenyu.” Akataura izvozvo kune imwe yemachechi. “Uye haazombova nenyota zvakare, kana kunzwa nzara zvachose. Haazombova nenyota zvakare.” Kana munhu kamwe zvako (Hezvinoi izvi; chinyatsosungai jasi zvakasimba chaizvo.), kana murume kana mudzimai akangogamuchira chete Mweya Mutsvene zvamazvirokwazvo, haumbokwanisa kumutsukunyutsa zvachose. Anoziva paari. Unogona kuuya nezvitevedzwa nezvose. Anongofamba zvakarurama achipfuura nepakati pazvo. “Haambofa akava nenyota zvakare.” Anoziva chaizvo kuti Musiki wake ndiAni; haatombovhiringidzike. Hazvimbomunetsa; anongoramba achienda mberi.

<sup>80</sup> “Ndichamupa Chingwa cheHupenyu, uye haazomboziyi nenzara zvakare, kana kuva nenyota zvakare.” Maona? “Uye Muti uri pakati peparadhiso yaMwari, zvino achadya kubva paari, munoono, Muti wacho.” Zvino va kuti, Muti uyu waiva Kristu Jesu. Maona? Zvino Kristu Jesu, zvaakafa uye akadzoka muchimiro cheMweya Mutsvene, saka Ari pano, uyezve mana yacho inodiwa muChechi.

Cherechedzai, tarisai, iyo, vhesi 6 yacho.

Uye *akatiita* vaprisita nemadzimambo *kuna Mwari...*

<sup>81</sup> “Huprisita hwepamweya; rudzi rwehumambo; chipiriso chepamweya.” Chii ichocho zvino? “Zvibairo zvepamweya, zvinova izvo,” tichitaura zvakataurwa neRugwaro, “zvinova

izvo, zvibereko zve miromo yedu tichipa rumbidzo kuZita raKe.” Zvino, imhando yechiiko? “Chibayiro chepamweya.”

<sup>82</sup> Zvino, zvino tinogona kuchitotanga ipo pano; cherechedzai, inzvimbo yakanaka yekutangira pairi.

<sup>83</sup> Kana kukauya nyonganiso diki muchechi, haumhanyire kune rimwe divi wobva warembedza muromo. Kana wakadaro, iwe zvechokwadi hausi muprisita. Munooona, unonyatsonamata kwazvo. “Chibairo chepamweya, zvibereko zve miromo yedu tichipa rumbidzo kuZita raKe.” Munooona zvandiri kureva?

<sup>84</sup> “Zvino,” unoti, “Handisi kunzwa kana kuda kuenda kuchechi.” Asika uri muprisita. Ibaso rako. Unofanirwa kunge uriko.

<sup>85</sup> “Manjeka, handisi kumbonzwa kana kuda kuva nechekuita musevhisi.” Uri muprisita, “ari kupirisa chibairo, chibairo chepamweya.” Kwete kupa mumwe munhu zvinhu zvekusiirwa nemumwe, sekudana kwavanzviita nhasi; zvese izvozvo zvakanaka, handina chandinopesana nazvo. Kwete kunotoro mumwe munhu kuti auye kuchechi; zvoise izvozvo zvakanaka, handina chandinopesana nazvo. Asi, ndiwe *iwewe*, *iwewe* uchipa chibayiro chepamweya, “zvibereko zve miromo *yako* uchipa rumbidzo kuZita raKe.”

<sup>86</sup> Kana ukaona nguva yauya yekuti munhu wese ari kumhura uye achitaura zvinhu izvi, uye achiita zvinhu zvisiri izvo, unoitei, unofamba uchienda? Unofanira kumira ipapo nechibairo chepamweya, uchiti, “‘Ropa raJesu Kristu rinochenesa kubva kuchivi chose,’ rinondiita chisikwa chitsva muna Kristu Jesu.”

“Unopenga, shamwari!”

<sup>87</sup> “Maringe nezvauri kutaura. Zvakanaka. Asi, kwandiri, ‘Isimba raMwari reruponeso.’ NdinoZvitenda.” Maona?

<sup>88</sup> Zvino, vanoti, “Unotenda here mukupodza kwaMwari?”

“Oo, uh, handizive, wotobvunza hako mufundisi wedu.”

<sup>89</sup> Ko *iwe* unofungei nezvazvo? Ndiwe muprisita wacho zvino. Ndiwe munhu wacho. Woti, “Hongu, changamire. NdinoZvitenda, nokuti Shoko raMwari rinoti ndiZvo.”

“Unotenda here murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene?”

“Hongu, changamire.”

“Unoziva sei?”

“NdakaUgamuchira.” Zvechokwadi chaizvo. Ropafadzo repamweya! Mweya Mutsvene wakawira pamusoro pevaapostora, Mweya Mutsvene mumwe chete unoburuka zvino.

<sup>90</sup> Unoti, “Unongova wevaapostora chete.” Tichazvigadzirisa izvozvo muchinguvana, toona kuti ndizvo here kana kuti kwete.

<sup>91</sup> Zvakanaka, “Huprisita hwepamweya, vachipira zvibairo zvepamweya.”

Zvino, zvino ndima yechi 8, kana, yechi 7 yacho.

*Tarirai, anouya namakore; . . .*

<sup>92</sup> Zvino, regai ndimbomira pano kwechingvana. “Makore,” hazvireve kuti Ari kuuya ari pamusoro pehore yemvura saAmayi, moyo wavo ngauropafadzwe, vagere muno pane imwe nzvimbo.

<sup>93</sup> Ndichiri mukomana mudiki, vaiwanzogara pasi vondiudza, vachiti, “Ari kuuya. Gore guru richasimuka rimwe zuva, uye Mwari vari kuzouya.”

<sup>94</sup> Uye, zvino, *gore* raAri kuuya mariri (Dai taingova nenguva yekudzosa izvi zvese, uye towana nheyo chaiyo yenyaya yacho yose.), zvino, *gore* raAri kuuya mariri, harisi hore yemvura, asi, i “gore rekubwinya,” raAri kuuya mariri. Maona? Maona?

<sup>95</sup> Zvino, Jesu paakafukidzwa naMwari, paGomo reKushandurwa, “makore akaMufukidza nenguwo yaKe.” Maona?

<sup>96</sup> Uye Eria paakauya zasi, gore rakadzika ndokumugamuchira kumusoro. Kwete—kwete Shongwe yeMoto, kwete. . . Ndinoreva, kwete hore yemvura, asi, “gore rekubwinya.”

<sup>97</sup> Hupo hwaKe hukuru, hunobwinya hucharova nyika. “Anouya ari mumakore.” Oo, ndinozvida izvozvo. “Makore,” pachava nesaisai mushure mesaisai, rekubwinya kwaKe, kuchauya panyika, zvino rumuko rwevatsvene rwuchauya. Apo Mweya Mutsvene wakaropafadzwa iwoyo wakagara mumoyo yavo, uye vakafa, nemitumbi yavo irere ipapo, nemamhororodzi emisodzi pamatama avo, nezvimwe zvakadaro, zvino vakaiswa kunze kuno kumakuva. Saisai guru reMweya mumwe chete iwoyo, uye ne “whoossh,” saisai mushure mesaisai.

<sup>98</sup> “Uyo aiva wekupedzisira achava wekutanga, naiye aive wekutanga achava wekupedzisira.” Zvingagova nenzira iyoyo chirudzii? Ndi hwo hurongwa hwerumuko. Handina wandiri kuzovida wemuchizvarwa chakanditangira, kana chizvarwa chinonditevera. Ndichaziva avo vari muchizvarwa chechimo. Uye chizvarwa chese chichauya, nekubudirira, chaizvo chichienda chichidzika. “Avo vaiva vokupedzisira vachava vekutanga.” Chokwadi, zvinofanira kudaro. Maona? Ndichaziva vanhu vangu. Munhu anotevera, baba vangu, vachaziva vanhu vavo; sekuru vavo, vanhu vavo; zvichienda zvichidzika zvakadaro.

<sup>99</sup> Saisai mushure mesaisai, saisai mushure mesaisai, mushure mesaisai, nevatsvene vachimuka kubva kwese-kwese. Hazvingave zvakanaka here izvozvo? Ameni. Zvinoita kuti vanhu vakwegura vanzwe kuva vechidiki zvakare. Hongu. Zvino nyatsocheredzai. Zvakanaka.

. . . anouya mu—mumakore; uye *meso ose achamuona*, (Hazvinei kuti vakafa karesa zvakanadi,

vachangoMuwona.) *naivowo* zvakare *vakamubaya*:  
*nemarudzi ose enyika achachema* nokuda kwake.  
 Kunyangwe zvakadaro, *Ameni*.

<sup>100</sup> Johane akatoita zvekudaizira, “Ameni.” Ndiko kuti,  
 “Ngazvive sekudaro. Ngazvive saizvozvo.”

*Ndini Arufa naOmega, . . .*

<sup>101</sup> Zvino, *Arufa* ndiye “A” ari muarufabheti yechiGiriki.  
*Omega* ndiye “Z” muarufabheti yechiGiriki. Zvino, nemamwe  
 mashoko, kana zvikadudzirwa nhasi, “Ndini A kusvika kuna  
 Z.” Zvino, ndiani mumwezve aripo? “Ndini Wekutanga; Ndini  
 Wekapedzisira. Ndini kubva kuna A kusvika kuna Z.”

<sup>102</sup> Ndinoshuva kuti dai taive nenguva yekupinda muHumwari  
 hwaKristu, iye zvino, izvo zvingave zvakakodzera panguva ino,  
 Humwari.

<sup>103</sup> Seayo, mazuva apo vanhu vazhinji kwazvo vari kuedza  
 kungoMuita mudzidzisi, ongove uyo anoshandisa njere, kana  
 muporofitawo zvake. Akanga ari Mwari. Akanga ari Mwari kana  
 kuti munyengeri mukurusa ati ambovapo panyika. Kana Aiva  
 muporofita, ropa rake aiva munhu. Kana Aiva mu—mudzidzisi,  
 mupi wedzidzo, ropa rake aiva munhu.

<sup>104</sup> Aiva Mwari, uye Ropa raKe aiva Mwari. Mwari Samasimba  
 vakafukidzira mhandara Maria ndokusika chizenga cheRopa  
 muchizvaro chake chakaunza Mwanakomana, Kristu Jesu.  
 Uye Mwari vakadzika ndokugara mumutumbi iwoyo, Mwari  
 (Emanueri), akaitwa nyama pakati pedu; kubvisa zvivi.

<sup>105</sup> Mwari pavakasika munhu waVo wekutanga, Vakamugadzira  
 ari mumufananidzo waVo pachaVo, uyo aiva munhu wemweya,  
 muna Genesi 1:26. Zvakanaka. Zvino pakanga pasina munhu  
 anorima ivhu, mushure mekunge Vaita munhu, murume  
 nemukadzi. Tichapinda mazviri, mushure mechingvana,  
 pa “nyeredzi 7” idzodzo. Asi kungo. . . Asi Vakamuita zvole  
 murume nemukadzi, kumashure uko kumavambo, ndizvozvo,  
 “mumufananidzo waVo pachaVo.” Zvino Mwari Mweya.

<sup>106</sup> Uyezve, Genesi 2, pakanga pasina munhu anorima ivhu,  
 saka Mwari vakamuisa munyama; vakagadzira munhu, kwete  
 mumufananidzo waVo, asi kubva muguruva renyika (Ndizvozvo  
 chaizvo.), vakamupa ruoko rwakaita serwetsoko, netsoka  
 yakaita seyechitsere, kana zvimwewo; handizive, asi Vakamupa  
 pfungwa 5 dzekubata musha wake wepanyika. Zvino munhu  
 iyeye akatadza.

<sup>107</sup> Zvino Mwari vakadzika pasi vakaitwa munhu, kuti vabvise  
 chivi chemunhu (Ameni.), kudzikinura.

*Ndini Arufa naOmega, . . .*

<sup>108</sup> NdakaMutarisa neche apa muna Zvakazarurwa chitsauko  
 4. Johane paakatendeuka kuti aone Inzwi iri zvakare, raitaura  
 naye, “Akanga akagara paChigaro choushe, uye muraraungu

wakanga uri pamusoro pemusoro waKe.” Zvino muraraungu une mavara 7 akakwana, uye mavara 7 aya akakwana anomiririra Mazera Manomwe EKereke. Ndizvozvo, zvakare. Zvino chaiva chii? Hezvinoi izvi. Hama, izvi zvitsva. Tarisai, mavara 7 akakwana, 7, uye muraraungu unomiririra sungano.

<sup>109</sup> Mwari vakapa Noa muraraungu, kutanga, sesungano. Uye zvinhu izvozvo zvichirimo munyika, sekuvimbisa kwakaitwa naMwari kumashure, zvino kana kwonaya, zvino iVo vanoona muraraungu uyu. Vakati, “Handichamboiparadza nemvura zvakare.”

<sup>110</sup> Uyezve akatarisa pana Jesu, aine mavara 7 emuraraungu pamusoro paKe; Aiva mune uyu, waiva sungano yaMwari. Zvino Akanga akamira pakati, peZvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama. “Uye Aizotaridzika sedombo rejaspisi nesadhio.” Jaspisi akanga ari Rubheni, uye dombo resadhio akanga ari Benjamini; ndiye aive wekutanga newokupedzisira pamadzitateguru. Kuti “Arufa naOmega, Mavambo neMagumo,” uye mavara 7 emuraraungu, Mazera Manomwe EKereke, sungano naYe, muZvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama, nyeredzi 7. Oo, mufananidzo wakadini, kana tikasvika kwauri mushure mechinguva, zvichida, Ishe vachitendera. Zvakana.

*...Arufa naOmega, mavambo nemagumo, ndizvo  
zvinoreva Ishe, aripo, ...akanga aripo, neachazovapo,  
waMasimba ose.*

<sup>111</sup> Ooh! Ndiani iYeye? Ichi chizaruro chaani? Jesu Kristu. Uye, pano, haAsi muporofita. Pano, ndiYe Samasimba, Mwari vachiratidzwa; Arufa, Omega. “Ndinobva kuna A kusvika kuna Z. Ndini iYe Aivapo, Uyo Aripo, uye AchazoVapo. Ndini Samasimba.” Zvakanyatsojeka, handizvo here? Hapana mukana wegakava ipapo. “Ishe, Uyo Aivapo, Uyo Aripo, uye AchazoVapo, Samasimba.”

<sup>112</sup> Zvino Johane ari kutaura. Teerera.

*Ini Johane, anovawo zvakare hama yenyu, uye netsitsi  
mukutambudzika, uye nemuushe kutsungirira kwaJesu  
Kristu, ndakanga ndiri pachitsuwa chinonzi Patimosi,  
nokuda kweshoko raMwari, ...*

<sup>113</sup> Nhai, mungambofungidzira here munhu achiiswa munzvimbo yakadaro, nekuda kweShoko raMwari? Hongu.

*...nekuda kweshoko raMwari, ne...huchapupu  
hwaJesu Kristu.*

<sup>114</sup> Akadzingerirwa kunze uko nokuda kwekuparidza Shoko kuvanhu vanonamata. Ndizvo zvinotaurwa neShoko. Handizvo here? Akanga ari kunze ikoko nokuda kwekuparidza; akadzingwa, akaburitswa kubva muचेची, kubva munharaunda, kubva kune pasi rose. Amen. Asi haana



kudzingwa kubva kune Uyo Wakamuda uye akamugeza muRopa raKe pachaKe. Akanga aine Hupo hwaKe, pachitsuwa chinonzi Patimosi, “nokuda kweShoko raMwari.”

<sup>115</sup> Handizive kuti vaparidzi vangani nhasi vaizoenda? Vanoderera kusvika pokuti vanotozoita chimwe chinhu chidiki—chimwe chinhu chidiki, zvokutogumbuka, zvinotikanganisa zvikuru. Zvino pano murume uyu akanga afashaidzwa mumafuta kwemaawa 24, ndokukandwa pachitsuwa chePatimosi, zvino Ishe vakanga vachinaye.

<sup>116</sup> Ndinongofarira rwiyo rwuya rwekare rwavaisiimba, “Kana Jesu akaenda neni, ndichaenda chero kupi zvako.” Tinorwuimba, asi handizive kana tichinyatsozvirevesa. Kune maonero ngu akatendeseka, hazvitore nguva yakareba kusvika wapihwa mukana wekuzviratidza, saka itova hako nechokwadi chaicho. Zvitarise, zviongorore, woona kana zvese zvakarangana.

<sup>117</sup> Zvino, kuti sei, ndochitongotangira pano zvino. Johane anopindura, uye akati akanga ari “pachitsuwa chePatimosi, nekuda kweShoko raMwari, nehuchapupu.”

*Ndakanga ndiri muMweya . . . (Ndinozvifarira izvozvo.)*

*Ndakanga ndiri muMweya nezwa raShe, . . .*

<sup>118</sup> Ndichitaura nezve rimwe zuva, zvino; kushamwari dzangu dzechAdventisti, zvatine chokwadi chekupinda mazviri, mushure mechinguva. Zvakanaka.

*. . . muMweya nezwa raIshe, akapinda muMweya, ndikanzwa shure kwangu izwi guru, . . . rehwamanda,*

<sup>119</sup> Tisasiye mifananidzo iyi zvino. Tiri kuisa nheyo zvino, kuti tizive zvatiri kutaura nezvazvo kana ndasvika neche kuno uku. Moona zvatichataura nezvazvo, “Ndianiko Uyu? Anomboveiko Muchinda uyu? Chizaruro chaJesu Kristu chii? Anombova Ani, chaizvo? Icho Chakambouya sei? Icho Chinorevei kwandiri?” Moona kana Chichireva chimwe chinhu kwauri, munooni. “Munooni zvinotora nzvimbo ipapo, kwandiri.” Cherechedzai.

*Ndakanga ndiri muMweya . . .*

<sup>120</sup> Zvisinei nekuti uri mutsvene zvakadii, une humwari zvakadii, kana kuti uri mushumiri akadini kana nhengo yekereke, chero zvauri, hauna kana kwaunosvika naMwari kusvika wapinda muMweya. Ndizvozvo. Handireve kupinda mumanyawi. Ndinoreva kupinda muMweya. Maona? Maona? Munooni, ukapinda mumanyawi, unoit zvese-zvese. Asi kana ukapinda muMweya, unooni zvinhu. Ndizvozvo.

<sup>121</sup> Ndinogona kufunga nezvaEria wekare, muporofita wekare, zasi uko zuva riya apo—apo mumwe . . . apo mwanakomana waAhabhu, ivo, vakanga vabatana nevamwe vasingatendi, uye—uye Jehoshafati akanga abatana pamwe chete navo. Uye vakafamba kunze uko murenje kwemazuva 7, uye

vasina kana kumbotsvaga mafambiro. Kwemazuva 7 chete, zvinokwana kuvabatsira kwemazuva 7; havana kubvunza Jehovha; vakangobuda, zvakadaro.

<sup>122</sup> Handizvo zviri vanhu here izvozvo? “Oo, ndinokuudza, ibasa riri nani iroro. Ndichatongosiya chechi *ino* ndoenda kune *iyu*.” Zvino, itobvunza hako kunaShe pamusoro pazvo, woona kuti chii.

<sup>123</sup> Vakabuda kunze ikoko ndokuzoona kuti vainge vapinda panyatwa. Mvura yavaive nayo yakapera. Ndiro dambudziko rine machechi nhasi, muri kungofamba muchiita zvinhu zvakawanda zvamusingabvunze Ishe pamusoro pazvo, uye chitubu chenyu chiri kugurwa. Muri kutadza kuziva kuti sei musiri kuwana maropafadzo amaisiwana, nesimba raMwari richishanda pakati penyu, zvichida gwara raikuunzirai rakagurwa. Munoziva, kana wabuda, mvura . . .

<sup>124</sup> Ndinopinda mugwenga imwe nguva, kunze uko kuArizona. Uye ndinocherechedza kuti kachikwenzi kese kekare kari mugwenga iroro kanokuvadza; kanokubaya. Pese paunogumhana nako, kanokubaya. Nekuti hakana mvura yakakwana yekukariritira, minzwa inobuda kuti kazvidzivirire.

<sup>125</sup> Ukadzoka kumusoro kuno, kana kumusoro kuOregon kana kumwewo uko kunogara kuchinaya, uye rimwe nerimwe razvo rerudzi rumwe chete rwezvikenzi hazvina kana minzwa pazviri. Munoono, mvura inozvichengeta zvapakfava.

<sup>126</sup> Zvino ndiro dambudziko nechechi. Kana uchinge waoma nekusungikana, nezvose, unotanga kutonhora chaizvo nekuva wetsika nekushaya hanya, hauna kana ropafadzo remweya raunowana, moyo wako unobva wadzwa uye wozara nehasha nekushatirwa, uye, munhu wose, “Oo, ndiri kuzopedzerana nemurume iyeye. Ndiri kuzopedzerana nemudzimai iyeye. Ndichabva pachechi yacho.” Unongova chitumbu cheminzwa chiri kugara mugwenga. Ndizvozvo. Chaunoda iMvura yakanaka yekare yeMweya Mutsvene inonayiswa pauri, yonyorovesa moyo wekare iwoyo wakaoma. Amen.

<sup>127</sup> Handisi—handisi kuedza kungoita zvinosetsa. Ndiri kuedza kuunza izvi kwamuri. Hama, uchazozviona, paunenge watora munembo wechikara, kuti unenge wakamira papi. Uye usina chaunogona kuita nezvazvo zvachose uye usina tariro paunozviita. Hapana kuregererwa pazviri. Haugone kubuda mazviri. Ndizvozvo. Unogona kutozviita mukubwaira kweziso rako, potse, munoono, saka chenjera. Zvino hezvinoi izvi. Ndichamupa . . . Cherechedzai, gwenga . . .

<sup>128</sup> Ndakati, mvu—mvura, kuti mvura dzakaachengeta akapfava chaizvo. Ndizvo zvatinoita nhasi, kupinda muMweya. Johane akati, “Ndaiva muMweya.”

129 Apo Eria kunze uko mugwenga, vakauya zasi. Jehoshafati akati, “Ngatidzikei zasi tinobvunza muporofita.” Vakadzika zasi pamberi pemuporofita.

130 Saka, zvino, akasimudza kutsamwa kwake kwakarurama. Ndokutarisa kune muchinda iyeye, zvino akati, “Wadii waenda kuna mwari waamai vako? Wadii wadzokera kuchechei yako iwe, yekare, inotonhora, yetsika? Wavingei kwandiri, pawapinda mudambudziko?” Chakanga chisiri chinhu chakanyanya kunaka kutaura, asi ndiwo mashoko acho akatokwana kunge akareva izvozvo. “Wauirei kwandiri? Wadii wangoendaka kuna mwari wamai vako? Imi mose mune machechi makuru akanaka aya, nevaprisita vose vanopihwa chikafu chakanaka, nevamwe vakadaro, kumashure uko. Dzokerai munovabvunza nezvazvo. Sei mauya zasi kuno kwandiri?” Fiyuu. Ini zvangu. Akaita sekuzvitutumadza, zvechokwadi chaizvo, haana here? Akati, “Kusiri kuti ndaremekedza hupo hwemurume uyo ane humwari, Jehoshafati, handaitombokutarisa zvachose.” Oo, ini zvangu, chinhanho chakadii chakapinda muporofita uyu. Zvino apinda parumananzombe pakadaro.

131 Akati, “Zvino, ndiunzirei rudimbwa.” Vamwe vanhu havatendi mumumhanzi muchechi. Asi akati, “Ndiunzirei rudimbwa.” Zvino rudimbwa parwakatanga kurira rumwe rwiyo rwakanaka rwekare, *Pedyo, NeMi, Mwari Wangu*; chero zvamungada kurwudana, handizive. Rudimbwa parwakatanga kunamata, Mweya waMwari wakauya pamuporofita. Zvino Mweya pawakauya paari, akapinda muchiratidzo; akatanga kuona zvinhu.

132 Unofanira kuwana Mweya waMwari. Kana kuti, unoti, “Handinzwisise kuti sei vanhu vachiti, ‘Ameni.’” Pinda muMweya kamwe. Ndizvozvo.

133 Handione kuti sei vachisimuka pamutambo webaseball vachirovana kumusana, nokusheedzera nekuzhambatata, nekukanda ngowani pasi uye voenderera. Zvinoita sokupenga, kwandiri. “Zvino,” unoti, “hamusi munhu anoda baseball zvakananyanya.” Ndinotongova...

134 Ko iwe, seMukristu? Zvakanaka. Ndizvozvo. Unofanira kupinda muMweya wazvo.

135 Ndizvo zvazviriwo pawaisimboenda kumadhanzi. Handitende kuti ungaendako iko zvino. Zvirokwazvo kwete. Asi kana wa—waisimboenda, vanotoridza mumhanzi wemadhindindi, voridza mabhendi nekuridza ngoma, voita zvole zviripo pazviri; nevakadzi vachimhanyira kunze ikoko, vasina kusimira zvizere nezvimwe zvole, uye votamba pauriri, nezvimwe; vopinda mumweya wekutamba. Zvino, ndizvozvo, unopinda mumweya wazvo. Mweya wadhiyahore. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndinofara kuti mati, “Ameni,”

nokuti ichokwadi. Ndichazviratidza neBhaibheri. Ndizvozvo. Zvakanaka.

<sup>136</sup> Unoti, “Asika, handizvitende, hama.” Zvinoka, iwe, hazvisi zvaunotaura iwe, kana zvandinofunga ini.

<sup>137</sup> Ndeizvo zvinotaurwa neShoko raMwari. Ndizvo zvinopedza nyaya yacho. Ndiro Shoko rekupedzisira. Hongu, changamire. Akati, “Kana uchida nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harumo mauri zvachose.” Ndizvozvo. Uye munorangarira mudzimai mudiki uya, wekare akadzidzisa mwanasikana wake kutamba tap dance, nezvimwe zvakadaro, ndokuenda zasi ikoko akatamba pamberi pamambo, ndokukumbira musoro waJohane Mubhabhatidzi; vana vake 70 vakafa vari zvipfeve uye nepamatanda. Munogona kuona zvazvinoita saizvozvo.

<sup>138</sup> Amai vaMosesi vakagara kumba, ndokumuchengeta, ndokumudzidzisa Shoko raShe, munooona zvakaitika kwaari uye nevokwake. Kubudikidza naye kwakabuda... Abrahamama, nevamwe vakadaro, uye zvichienda zvichidzika.

<sup>139</sup> Zvakanaka, zvinongoenderana nezvaunoda kuita. Iwe, uri munhu akasununguka kuzvisarudzira. Unoita chero zvaunoda kuita nezvazvo. Ndizvozvo. Mwari vakaisa pamberi pevanhu, sebindu reEdheni, Muti weHupenyu kana kuti muti werufu. Unoita sarudzo yako. Maona? Chingavei chinofarirwa nemweya wako, ndicho zvaunodya. Cherechedzai zvino. Uye vaive...

<sup>140</sup> Ndinoda kuverenga izvi zvakare zvino. Akanga ari muMweya. Mweya wakauya pamusoro pake. Akatanga kuona zvinhu. Zvino tarisai.

*Ndakanga ndiri muMweya nezuva raShe,  
ndikanzwa...*

*Ndakapinda muMweya nezuva raShe, uye  
ini ndikanzwa shure kwangu izwi guru,...  
rehwamanda,...*

<sup>141</sup> “Hwamanda.” *Hwamanda* “chiziviso.” Gabrieri, paKuuya kwaShe, acharidza hwamanda yaMwari. Iyi yaiva hwamanda yaMwari yairira. Nemamwe mashoko, Ari kugadzirira kuzivisa magumo emuna Ziyendanakuenda enyika. Hwamanda, inombova chii? “Gadzirirai. Ndichakupai Chizaruro chaJesu Kristu, chokupa kuChechi. Ndichataura kwamuri, ayo achava magumo enyika, kune avo vanogamuchira neavo vanoramba.”

<sup>142</sup> Hwamanda yaMwari. “Teererai!” Munhu wese, kana hwamanda yarira, anobata munondo wake omira pane imwe nzvimbo, achiteerera. Hwamanda!

<sup>143</sup> Pauro akati, “Kana hwamanda ikapa ruzha rwusinganzwisike, ndiani achagadzirira hondo?”

<sup>144</sup> Ndizvo zvazviri nhasi. Oo, hama, pandinotarisa kwese-kwese ndichiona machechi ose aya akatonhora, etsika, asina

hanya, nezvinhu zvakadaro, “vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba simba racho,” ko munhu angazvigadzirira sei? Achipa ruzha rwusinganzwisike.

<sup>145</sup> Unoti, “Zvakanaka, zvino, ndichajoinha machechi. Ndichaenda uko kunoedza maMethodisti, kana maBaptisti, kana maLutherani, kana maPentekosti. Ndichaita chimwe chinhu. Ndichaita mamwe mafambiro.” Oo, handizvo.

<sup>146</sup> “Kunze kwekunge munhu azvarwa patsva.” Handina basa kana ari muMethodisti, Baptisti, Pentekosti, kana chero zvaari, unofanira kuberekwa patsva; haupindi muHumambo. Amenii.

<sup>147</sup> Tarisai,

*... izwi, ... rehwamanda,*

*Richiti kwandiri, ndiNi Arufa naOmega, ...*

<sup>148</sup> Chinhu chekutanga kubuda... Anozivisa pano, “Ndini, Wekutanga noWekupedzisira.” Chinhu chekutanga, hwamanda yaMwari payakarira, akacheuka. Zvino Akati, “Ndini Arufa naOmega. Ndini kubva kuna A kusvika kuna Z. Ndave zvose izvozvo zvino. Mirai muNditeerere, kwechinguvana.” Zvakanaka.

*... wokutanga newekupedzisira: ... Izvo zvaunoona, nyora mubhuku, (ndiro Bhuku rino iri ratiri kuverenga) uye uzvitumire kune ...*

<sup>149</sup> Kupi? Zvine kwazvakatonanga. Kupi kwacho, kudzokera kuzera? Kwete. “Kuchechi.” Kuchechi. Cherechedzai.

*... Izvo zvaunoona, nyora mubhuku, uzvitumire kumakereke manomwe ari muAsia; ...*

<sup>150</sup> Uyo, waiva mufananidzo wechechi. Zvino, tichapinda mazviri, mumaminisi mashoma, tichiratidza kuti Testamende Yekare yakafananidzirwa sei mumazera 7. Mazera 7 aigara, kana kuti machechi 7 aigara muno muAsia, anodzidziswa neBhaibheri zviri pachena, waive mumvuri, kana mufananidzo weMazera Manomwe EKereke aiuya. Uye nebetsero yaMwari, uye neBhaibheri, tinogona kuratidza kuti zera rega-rega rechechi rakauya chaipo paRakati raizouya, chaipo-chaipo apo Bhaibheri rakati raizova. Zvino tave kumagumo ezera rekupedzisira rekereke.

<sup>151</sup> Uye todzokera muTestamende Yekare, totora chiroti chaDhanieri, uye vomuratidza chiratidzo chehumambo hweMarudzi, kuti akaona sei mufananidzo wakamira; waive nemusoro wendarama, chipfuva chesirivheri, nezvidya zvendarira, netsoka nemakumbo edare nevhu. Uye tikaratidza kuti humwe nehumwe hwehumambo uhwu hwakatsivana sei, chaizvoizvo nenzira yakataurwa neBhaibheri. Uye, tarisai, musoro wendarama, Bhabhironi; vaMedhia nevaPeresia, Giriki; nehumambo hweRoma; zvino humambo hweRoma hwakapamuka kuita humambo 10, Roma yekumabvazuva

neyokumadokero, nezvimwe zvakadaro. Uye imomo, makanga mune dare nevhu, uye hazvaigona kuti zvisangane; Protestanti nechiKatorike pasi pehutongi humwe chete hweMarudzi. Uye akataura kuti kunyange kuedza kuputsa simba remumwe nemumwe, vaizoroodzana pakati pavo, zvingori chaizvo zvavari kuita nhasi, chaizvoizvo.

<sup>152</sup> Uye humambo ihwohwo mumazuva emadzimambo iwayo. Mwari veKudenga vakacheka Dombo kubva mugomo, pasina maoko, rikarova chimufananidzo ichi mutsoka uye rikaputsa humambo hwese hweMarudzi. Uye Humambo hwaKristu hwakatonga nekubata hushe, ndokukura, ukafukidza nyika negungwa nedenga. Humambo hweMarudzi hwakapera sehundi, sechikwande chiri paburiro munguva yezhizha. Mufananidzo wakadini uyu watiri kurarama mauri. Ichokwadi.

<sup>153</sup> Uye nhasi, munoona maKatorike nemaProtestanti vachiroorana pakati pavo, vachiedza kutyorera simba racho pasi; kurera vana vako, unofanira kuvimbisa kuvarera nenzira *iyi* kana nenzira *iyu*. Tichapinda mazviri, mushure mechinguvana, muhusiku hushoma. Cherechedzai kuti, zvakamira sei, uye kuti (imwe yacho) simba redare rakakurira rimwe racho, rikaridambura kuita zvidimbu-zvidimbu ndokuriputsanya.

<sup>154</sup> Asi Gwayana rakauya rikamira. Uye vanhu vatsvene muzuva iroro . . .

<sup>155</sup> Uye kuti simba reRoma iroro rakapinda sei munyika dzose. Hakuna rimwe simba munyika, uye nzira yoga yarinogona kupinda nemo, kuburikidza nechiKatorike, chechi yeKatorike, ichipinda pasi rose zvapo, ichipararira imomo. Mufananidzo unoshamisa, mukuru pano.

<sup>156</sup> Zvino, kwamuri imi maProtestanti, ingorambai makapfeka shangu dzenyu, nekuti, hama, muri kutonyatsofambirana nayo. Uye ndinogona kuzviratidza neShoko raMwari, munotonyatsova mairi chaizvo se—sevamwe vose.

<sup>157</sup> Zvino, tarisai zvino, “Wekutanga neWokupedzisira. Zvaunoona, nyora muBhuku.” Zvino, Akati kwaari:

. . .nyora izvi *mubhuku*, *uzvitumire* ku . . .*kereke nomwe* dziri mu—muAsia; ku*Efeso*, neku*Sadhisi*, ne . . .*Pergamo*, . . .nemamwe akadaro, uye *Firadherfia*, uye . . .ne*Raodhikia*.

<sup>158</sup> Zvino tichamira ipapo, kwechinguvana chimwe kana zviviri, ndongoona kuti inguva yakadii yandinayo, nokuti ndinoda kusvika pachirevo chakakosha chekupedzisira pano, paEfeso, ndoenda nacho kusvika kuRaodhikia, uye toona kana tisina kufananidzirwa muhechi imwe chete, munoona, tione kana tisiri kurarama muzuva rino.

159 Oo, Chechi yaMwari mupenyu, simukai mupenye. Tarisai. Hamucherechedze. Ndinoshuva kuti dai ndanga ndine kamwe kakuvhundutsa kandingagona kukupai, neimwe nzira. Ndinoshuva kuti dai Mweya Mutsvene wauya musimba raWo guru uye wokuendesha kunzvimbo yaunotora Bhaibheri iri woti, “Regai nditarise mune *Izvi*,” paunoona:

Marudzi ari kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo zvakafanotaurwa neBhaibheri;  
Mazuva eMarudzi ave kupera, azere  
nematambudziko;  
“Dzokerai, O imi vakapararira, kune  
yekwenyu.” (Ndizvozvo chaizvo.)

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
Moyo yeparume iri kukundika nekutya;  
Ivai makazadzwa neMweya waMwari, mwenje  
yenyu yakagadziriswa uye yakajeka,  
Tarisai kumusoro! Rudzikinuro rwenyu rwave  
pedyo.

160 Ndizvozvo chaizvo. Oo, izuva rakadini. “Zvinyore, zvitumire kumakereke.”

161 Zvino, sekungouya kwakaita Israeri murunako rwayo, kareko pamavambo pasi paAbrahama, ndokudzika ichiuya kubudikidza nemadzitateguru. Zvino muzuva raAhabhu yakapinda mumazera erima, zera rerima gurusu iro rakaonekwa nechechi. Akabuda imomo... Uye munguva iyoyo, kutiwo Ahabhu akarora Jezebheri, akaunza kunamata zvifananidzo mukereke yeorthodox.

162 Zvimwe chete, izvozvo, chiProtestanti chakaroorana nechiRoma mumakore 1,500 emazera erima, muChechi yePergamo, zvino ndokuuya nekunamata zvimupunzo, pasi pemufananidzo weChikristu, tichienda muzera rine kakudziya riri kuuya mberi kwedu. Uye tiri mariri iko zvino. Tiri muzera rine kakudziya.

163 Hamuzvitende here? Zvino ndichagara pasi pane... imi vanhu vari kunze mune mamwe machechi. Muri muzera rine kakudziya. Uye vavhangeri venyu vari kufamba pasi rose, vachitenderera pasi rose, vachiparidza zvinhu zvakadaro; hapana kwamuri kuenda. Muri kudanzira... Imi maBaptisti muri kudanzira, “Vamwezve miriyoni muna ’44.” Saka chii chamunacho pamakavawana? Makangowana boka revatadzi vakauyamo, vaine mazita avo mubhuku (Ndizvozvo chaizvo.), moti ivo ndevechechi yeBaptisti. Kwete izvozvo chete, asi vamwe, maMethodisti, maCampbellite, neboka rose, vachingova vetsika uye vasina kana hanya. Billy Graham akava nazvo, “30,000 vevakatendeuka,” akati, “mumavhiki 6...” Uye mavhiki 6 akatevera haana kuwana kana 30 chaivo. Sei? Sei? Hapana chavakawana, pekutanga pachu. Ringori boka

revatadzi, pavakaisa zita ravo mubhuku, pasi pekubata kwerumutsiro.

<sup>164</sup> Akati, “Humambo hweKudenga hwakaita semumhu akakanda mambure, mugungwa. Paakaribuditsa, akava nezvose.” Aiva nekamba dzemumvura. Aiva nemagakanje. Aiva nehamba dzemumvura. Aiva nemabuwe. Aiva nezvipembenene zvemumvura. Aiva nyenya. Ndizvozvo. Asi imomo, akanga aine hove, zvakare.

<sup>165</sup> Zvino kana munhu akaparidza rumutsiro pasi pesimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene, mambure akandirwa pavanhu. Ndizvozvo. Asi kana ari chipembenene pakutanga, iye chipembenene panopera rumutsiro.

<sup>166</sup> Kana ari buwe remumvura, chinhu chekutanga munoziva, anotanga kutarisa kwese-kwese, achiti, “Handitende mune zvinhu zvekudhara izvi zvisinei,” obva asvetuka achidzokera kumvura.

<sup>167</sup> Kana ari nyoka, anoti, “Ndakakuudza nezvazvo,” ndiye hutu achienda. Aingova nyoka kubva pakutanga, hunhu hwake hwaive ihwohwo. Uye haazova chimwe chinhu kusvikira hunhu ihwohwo hwashandurwa.

<sup>168</sup> Munhu haakwanise kujoinha chechi, kana kusvika pakuita manyawi, kana chero chimwewo, obva ava Mukristu. Kunofanira kuva kuberekwa chaikoiko kweMweya; kuperera, kufa, kuchema, kurarapo kusvika afa kaviri. Rangarirai, hupenyu hunogona bedzi kubuda kubva murufu.

<sup>169</sup> Tsanga yechibage, kana ikagara, inogara yoga, haizombofa yakava chimwe chinhu chinodatika kungova tsanga imwe iyoyo. “Kunze kwekunge tsanga yegorosi yawira muvhu, inogara iri yoga.” Asi kana ikawira ipapo, inowora, inoshata, uye kubva pakati pekuora ikoko kunouya chizenga chehupenyu chinoipa hupenyu uye yobereka zvakawedzerwa.

<sup>170</sup> Kunze kwekunge chechi yaberekwa patsva, yafa kuzvitendwa zvayo nedzidziso dzebhaibheri, nezvimwe zvakadaro, uye yoberekwa patsva neMweya waMwari, ichange iri yekare, inotonhora, iri yetsika, isina humwari, isina hanyin’a. Amen. Ndizvozvo chaizvo. Ndiko kuparidza kwechinyakare, kwakakwasharara, asi kunokuponesa, hama. Ndizvozvo. Kunokuchengeta kana madutu achivhuvhuta zvakasimba. Wodzika midzi nekudzikamiswa. Kwoita kuti tsvina yose ibviswe usati wadira kongiri yako; cherechedzai, ndizvozvo, uye hoko inonyatsodzika nekubata zvakanaaka uye zvakasimba. Oo, hama, izuva rakadini ratiri kurarama mariri; zera rechechi yetsika, isina hanya! Hongu, changamire.

“Kumakereke 7,” akati, “tumira mharidzo iyi.”

<sup>171</sup> Zvino, muzera iroro rechechi, vakatanga kupinda; vakaroodzwa mukunamata zvimupunzo. Vanoita zvimwe



chete zvino; vakapinda, vachiita zvimwe chetezvo. Zvino kubva ipapo, ndokuuya Chikristu chetsika, ndokutanga kutsakatika kusvikira tave kudzika kuzera rechechi yekupedzisira.

<sup>172</sup> Zvino, chechi yechimanjemanje, yatinoti “sangano.” Isu vanhu vehutsvene, munoziva, tinovadana kuti, “vechimanjemanje,” zvino vanoenda kunze ikoko votangira murumutsiro rwavo, zvakare. Unoti, “Hakuna kwavari kusvika.”

<sup>173</sup> Asi zvino chimbomirai zvishoma. Chii chatinacho? Hatina chinhu, chinodarika chavanacho. Ndizvozvo chaizvo. Chero bedzi tichingoita nharo nekukakavara nekungoenderera pakati pedu, tichiri kungofamba sevanhu; kusvikira munhu akwanisa kudzika paartari uye ogadzirisana naMwari, kusvikira akwanisa kufuratira zvinhu zvidiki oenderera mberi sezvinofanira kuitwa neMukristu. Poto haingati kuketero iwe une tsito. Ndizvozvo. Usadanidzira kwavari. Ngatichenesei masitepisi edu kutanga.

<sup>174</sup> Tiregerereiwu, vaenzi, ndiri kumbopa chechi kambama keVhangeri zvino. Cherechedzai, ndizvozvo. Ndizvo chaizvo zvamunoda.

<sup>175</sup> “Oo,” unoti, “tinaWo.” Uye wosimuka kumusoro ikoko woridza piyano nesimba rose chaizvo, nengoma dzakati wandei, nekumhanya muchikwira nekudzika pasi, zvino wobuda wonokakavadzana nemuvakidzani wako. Une chauinacho here? Uh-huh. Kwete, changamire. Chinhu choga chatinacho kakudziya chete. Chero bedzi mumhanzi uchirira, tinenge tichimhanya. Mumhanzi ukangomira, tomirawo. Hama, usatumidza mumwe munhu zvimwewo; ngatitarisei pamukova wako iwe, kutanga. Amen.

<sup>176</sup> Ndinokuudzai, tinoda rumutsiro rwekare serwataimbova narwo zasi kumaruzevha, pavairara pasi nechiso chavo husiku hwose. Kwete zvekufarisa, asi kana kubatikana chaiko kune humwari; uye kwete kudzokera kuartari wonogara, asi kubuda vonozvigadzirisira nevavakidzani vavainge vakanganisirana navo, zvobva zvagadzirisika. Munoziva kuti ndizvozvo. Zvinopisa izvi, asi, hama, zvinokubatsirai. Ndizvozvo. Unofanira kuzviziva izvozvo, shamwari yangu. Hongu, changamire.

<sup>177</sup> Kakudziya, ndicho chinhanho chinotyisa chekuti chechi inge iri machiri. Hamutarise, Branham Tabhenakeri yava kutoda kuitawo saizvozvo. Teererai, munoziva zvinhu izvi. Zvakadzidziswa, gore negore, negore, negore, papuratifomu ino, ndichikuyambirai pamusoro pezvinhu izvi zviru kuuya. Apo, Bhaibheri rakati kuchava nenguva yavachabva kumabvazuva vachienda kumadokero, nekuchamhembe nekumaodzanyemba, vachiedza kutsvaga Shoko raMwari rechokwadi, uye votadza kuRiwana. Zviri nani usungirirwe pahoko, paunoziva apo pawakamira.

178 Asi kana munhu achinge angoberekwa patsva; kwete nemanyaawi, kwete zveshungu, kwete nekuisa zita rake mubhuku rechechi, kwete nekujoinha chechi hurusa muguta. Asi kana akanyatsochema, nekudembetera, nemisodzi mumaziso ake, kusvikira Mwari varegerera zvivi zvake, vachenesa mweya wake kubva pahupenyu hwechivi, nekumuzadza neMweya Mutsvene; nerudo rukuru, nehumwari, kusvikira adzorera matusuri ekare ekugadzirisa mavhiri, aakabira vavakidzani, uye oenda onogadzirisa zvinhu izvozvo, uye ogorarama zvine humwari pamberi pevanhu. Hatife takava nerumutsiro munyika ino kusvikira tawana izvozvo.

179 Kutongwa kunotangira muimba yaMwari, neShoko raMwari. Amen. Kwete bhuku rezvidzidzo, asi Bhaibheri. Kwete zvinodzidziswa neimwe chechi muzvidzidzo zvavo zvebhaibheri, asi zvinotaurwa naMwari. Ipapo muchava nerumutsiro apo masimba makuru, nezvishamiso, nezviratidzo, neminana, nezvimwe zvose, zvichaitika.

180 Tine kakudziya. Nokuti tine kakudziya muzera rino, Mwari vakati, “Ndichakusvipa kubva mumuromo maNgu.” Zera rino rechechi richarambwa. Pachava nevakasara vari kunze kwaro, vachaponeswa. Saka zviri nani uzvicherechedze wega, zvakanaka chaizvo, uone kana uri mune vakasara ivavo zvino. Tichapinda mazviri muchinguvana, kana Mwari vachitendera. Chingocherechedzai zvino.

*Zvino ndakatendeuka kuti ndione izwi rakataura kwandiri. Ndakati ndatendeuka, (Tarisai.) ndakaona zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama; . . .*

181 Kana kuti, “zvigadziko zvezviyedza,” Chigiriki chinodaro. Zvino, ndiyo dudziro yekutanga, nekuti vakanga vasina makenduru uye ne . . . Vaiva nechigadziko chemwenje chidiki. Zvino, Zvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama, tinozvidana.

182 Zvino, munzvimbo tsvene, umo chingwa chekosha; uye vazhinji venyu imi vafundisi munonzwisisa, neizvozvo. Uye imi vanhu vari pano patabhenakeri, sezvo muchidzidziswa nemudzidzisi akanaka pano, mu—munoziva zvinhu izvi.

183 Zvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama, zvakanaka . . . zvaiva netumwenje pamusoro pazvo, twaipisa mafuta. Muna Zekaria, paakaona chiratidzo, ndinotenda kuti ndimo, zvino akaona muorivhi wemusango nemuorivhi wepamusha; muJudha neMarudzi, kare-kare mwaka weMarudzi usati wavapo. Vakanga vaine midziyo yekupfungaidza yendarama, uye midziyo miviri yendarama yekupfungaidza iyi yainopinda muchigadziko chemwenje chimwe chete chaipa mafuta kune marambi ose. Uye akanga asinganzwisise kuti zvinhu izvi zvaiva sei; muti wemuorivhi wemusango

nemuorivhi wepamusha. Zvino muorivhi wepamusha, hongu, wakadamburwa, muorivhi wemusango ndokubatanidzwa pauri.

<sup>184</sup> Uye mafuta iwayo aienda kurambi, *mafuta* anomiririra “Mweya Mutsvene,” nguva dzose. Tichapinda mazviri, pakuiswa chiratidzo kwevanhu, manheru eChishanu. Cherechedzai, asi mafuta aya anomiririra Mweya Mutsvene. Ndicho chikonzero tichizodza vanorwara nemafuta, imhaka yekuti anomiririra Mweya Mutsvene.

<sup>185</sup> Bhaibheri rakati, muna Zvakazarurwa chitsauko 6, denda parakapfuura, akati, “Chiyero chegorosi chichatengwa nedhenari, nezviyero 2 zvegorosi nedhenari; asi usakuvadza waini yaNgu nemafuta aNgu.” Ndinoshuva kuti dai tanga tiri kuzotora Zvakazarurwa nayo, kwemavhiki mashoma, uye topinda mune izvozvo, kuti waini nemafuta izvozvo ndiani. “Uone kuti usakuvadza waini yaNgu nemafuta aNgu. Usauya pedyo nazvo.” Amenii.

<sup>186</sup> Zvino, cherechedzai zvigadziko zvemwenje izvi. Mafuta aya akadira muzvigadziko zvemwenje izvi. Zvino, mafuta ndiwo aiiswa murambi, kuti ripfute. Zvino, Aroni akanga . . . Raiva basa rake rekubatidza marambi aya. Uye marambi aya aifanira kubatidzwa. Imbomirai zvino. Honai. Rambai muchiremekedza, moteerera. Marambi aya aifanira kutungidzwa nemoto uyo Mwari vakanga vatungidza. Vanakomana vaAroni vakapinda nemoto wekunze, Mwari vakavauraya pamukova; ndizvozvo, moto wekunze. Moto wakanga waveswa naMwari!

<sup>187</sup> Zvino tarisai, zvino, zvigadziko zvemwenje zviri muhurongwa hwechidimbu chedenderedzwa. *Hechino* chaiva chigadziko chemwenje chimwe, 2, 3, 4 (zvichikwira), 5, 6, 7, sezvizi. Zvino, zvigadziko zvemwenje izvozvo zvendarama pano, sezvaanotaura mumaminetsi mashoma.

<sup>188</sup> Ngativerengei mberi zvishoma, pamwe tinozviwana. Uye teerera zvaakataura zvino. Zvakanaka. “Uye musoro waKe . . .” Ndinotenda kuti ndaenda mberi kwevhesi 12 ipapo, “Zvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama.” Vhesi 13:

*Napakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama mumwe akafanana . . . Mwanakomana womunhu, akapfeka nguo yakasvikira kutsoka, uye akazvisunga napachipfwa nebhanhire rendarama.*

*Musoro wake waive se—se . . . vhudzi rake raiva jena samakushe, . . . machena sechando; uye meso ake aive . . . mirazvo yemoto; . . .*

<sup>189</sup> Zvino, ngatimirei ipapo kwechinguvana, nekuti hatikwanise kusiya mufananidzo uyo ipapo wakadaro. Honai zvigadziko zvemwenje izvi zvakamira pano zvino. Zvino, zvigadziko zvemwenje izvozvo, sezvatichawana munguva pfupi inotevera, zvinomiririra Mazera Manomwe EKereke. Zvinomiririra

Efeso, Pergamo, uye zvichienda zvichidzika kuFiradherfia, uye zvichienda kuRaodhikia; Mazera Manomwe EKereke.

<sup>190</sup> Uye chimwe nechimwe chezvigadziko zvemwenje izvi chaiva nechinu chiduku chemafuta chakagara ipapo, uye mafuta aya achibvira pakenduru iri. Zvino kana kenduru rimwe chete ratungidzwa nemoto waMwari, vaitora kenduru iroro votungidza rimwe racho, vobva varigadzika pasi; uye votungidza rimwe racho; uye rimwe rotungidzwa kubva pane rimwe, kubva pane rimwe, kubva pane rimwe, kusvikira kenduru rekupedzisira. Cherechedzai, mafuta mamwe chete.

<sup>191</sup> Zvino, Mazera Manomwe EKereke, akatanga neEfeso, neTiatira, Pergamo, zvichienda zvakadaro. Zvino Mweya Mutsvene, unova Mafuta aMwari, wakawira pamusoro pekereke pakutanga, muEfeso, Chechi yeEfeso, yaiva iri chechi yenyasha. Imi maBaptisti munofanira kudanidzira kuti “ameni” ipapo. Uyezve pachechi yenyasha, iyo muEfeso, uye tsamba yeVaEfeso inotiisa, pataiva nyika isati yavambwa. Wakawira ipapo, uye vakagamuchira Mweya Mutsvene.

<sup>192</sup> Asi chimbomira zvishoma, hama yangu muBaptisti, ko vakaUgamuchira sei? Ko vakaUwana sei? Nekujoinha chechi here? Kwete. VakaUwana nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Unoti, “Hongu, Hama Branham, ndizvozvo.” Chii chakaitika kwamuri paWakawira pamuri?

<sup>193</sup> Cherechedzai, Moto mumwe chete wakapfutisa mafuta ikoko, muEfeso, wakaapfutisa muTiatira; Moto mumwe chete wakapfuta ipapo, wakaapfutisa muPergamo; ndokupfuta uchienda uchidzika, kusvika kuZera reChechi yeRaodhikia. Mweya Mutsvene mumwe chete, wakatungidzwa naMwari mumwe chete, neMoto mumwe chete. Uye Moto wakaburuka paPentekosti wakatungidza kenduru, Chechi, kubudikidza nemuzera rega-rega, zvichienda zvichidzika zvino.

<sup>194</sup> Asi dambudziko razvo nderekuti, isu maBaptisti, isu maMethodisti, tadzoka kumusoro-soro *kuno*, tichiedza kutora chimwe chinhu chenhoroondo, zvino heino Chechi ichienda zasi *kuno*. Ndizvozvo. Ndiko kwatakasiwa. Chechi imwe neimwe, payakatanga, pakanga pasina . . .

<sup>195</sup> Tarisai Luther, mukuvandudzwa kwekutanga. Rumutsiriro rwakadii, Luther. Tarisai, ndine bhuku rake rezvidzidzo kumba. Kutu murume uyu akazunguzwa sei pasi pesimba raMwari! Akatenda sei kupodza kwaMwari, akaKugamuchira pachake; akatenda musimba raMwari, zvakanjanya, kusvika pekuti akataura nendimi, Martin Luther. Ndizvozvo chaizvo. Martin Luther akataura nendimi.

<sup>196</sup> Zvino zera rakatevera rakauya zasi, John Wesley. John Wesley akaita zimwe chetezvo. Paaiparidza, akati, “Mashoko apiko aya andiri kuwawata, andisingazive pachangu?” Ndizvozvo, achitaura nendimi; aitenda mukupodza kwaMwari.

Zvino paakauya kuAmerica, machechi ari kuno akamubata sezvavanoita vaumburuki vatsvene nhasi, vakamudzingira kunze, mumachechi. Uye vakaparidza Evhangeri kunze uko, ndokuwira pasi pesimba raMwari, kusvikira vairara pasi, husiku hwose paguva imwe neimwe.

<sup>197</sup> Uye bhuku raJohn Wesley pachake rezvidzidzo, randinaro kumba zvino, paakanga akatasva bhiza rimwe zuva, kuti anonamatira mumwe mudzimai akanga achirwara, zvino bhiza rakawa rikatyoka gumbo raro. Zvino akaburuka pabhiza, ndokutora chinu chemafuta ndokuzodza bhiza nemafuta, akakwira pamusoro paro ndokutasva achienda. Moto mumwe chete uchibvira ipapo.

<sup>198</sup> Asi makazvidzikisa kusvika pakuva chimiro chetsika chezvimwewo, asi Mweya Mutsvene uri kufambira mberi. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>199</sup> Zvino muhechi yeMethodisti, “Vane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka pavari,” ve ne- . . . bhuku ravo rakati, “vane kakugwinha-gwinha.” Zvino vaitanga kufamba, uye vaigwinha-gwinha vachisvetuka, nekuita saizvozvo, mumisangano yavo yematende nezvimwe, maMethodisti. Handiti, hama, kana John Wesley akanzi adzoka panzvimbo, aizonyara nemi zvikuru, aitokurambai; kunze kwekunge atokushwapurai neVhangeri rakanaka neVhangeri raakaparidza.

<sup>200</sup> Ndakamira nguva pfupi yapfuura, pedyo netemberi, uko kwavakaregedzera imbwa dziya, zuva raaiparidza ku—kuzvarwa patsva, nezvimwe zvakadaro, neizvozvo. Zvino chechi yepamusoro yeEngland yakaregedzera imbwa idzodzozo paari. Zvino akati, “Zuva harisi kuzorova pamusoro wako katatu, kusvikira wandidana kuti ndizomonamatira.” Uye akadaro; ndokufa. Ndizvozvo. Chokwadi.

<sup>201</sup> Ndizvo zvatinoda nhasi. Tinoda mhando yakadaro yeMethodisti. Tinoda mumwe muBaptisti akaita saJohn Smith, akagara mumba ndokugomera pana Mwari, akanamata husiku hwose, nenzira yekuti, maziso ake akasvika pakuzvimba zvakananyanya kwazvo, mangwanani, mudzimai wake aitomotungamirira kutafura, kuti adye.

<sup>202</sup> Oo, tinoita sei nhasi? Tinomira pakona, nemudzanga uri mumuromo medu; uye mudhikoni muhechi, todzika tonoit; kumabhaisikopo, nekuona terevhizheni husiku hwese; uye togara kure nehechi; toputa, kunwa, kutamba njuga, tomhanyira kumujawo wemabhiza, uye tozviti tiri maBaptisti. Matakanana ose!

<sup>203</sup> Chatinoda nhasi nderumwe rumutsiriro rwechinyakare, rwakatumwa naMwari, rweMweya Mutsvene. Amen. Handirevi. . . Handisi kuedza kukuitai kuti mufarisise. Ndinoziva kuti hamusi kufarisa, asi, hama, ichokwadi ichocho.

Kuedza kunyatsokuratidzai zvazviri. Ichokwadi. Ndizvo zvatinoda. Zvakanaka.

204 Zvino, ndiro Bhaibheri iroro. Ndizvo zvinotaurwa neMweya, munoono. “Zvigadziko zvemwenje.” Zvakanaka. Zvino vhesi 13.

*Napakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama mumwe wakafanana...Mwanakomana womunhu,...*

205 Chii? Mumwe akafanana naYe. Aiva ani uyu? Mwenga waKe. Mumwe akafanana naYe. Tarisai zvazvaiva.

*...akafuka nguo yakasvikira kutsoka,...*

206 Hutsvene hwaJesu Kristu hwakaMufukidza. “Akatisuka kubva kuzvivi zvedu neRopa raKe iYe.” Zvakanaka.

*...akazvisunga chipfuva (kwete murume; mudzimai) nebhanhire rendarama. (Vhangeri rakabata simba nekubwinya kwaMwari pamusoro peMutumbi waKristu.)*

207 Oo, mufananidzo wakanaka zvikuru watinawo pano watiri kucherechedza. Tarisai pano.

*...yakasvikira kutsoka, akazvisunga napachipfuva nebhanhire rendarama.*

*Musoro wake nevhudzi rake zvakanga zviri zvichena samakushu, ...machena sechando (kururama, hutsvene; zvichena ndizvo zvazvinotaura); uye meso ake...semirazvo yemoto; (Anotarisa nemazviri chaimo.)*

208 Usaedze kuhwanda kubva kwaAri. Anoziva kuti ndiwe ani, pauri, nezvawakaita. Hongu, changamire. Anoona zvese. O Mwari...

209 Tinongova nemaminetsi mashoma kana ndikasvika kune rimwe zera rino rechedzi, kana tikakwanisa. Cherechedzai.

*Uye tsoka dzake dzakanga dzakaita se...ndarira yakanatswa,...*

210 *Ndarira* nguva dzose “kutongwa,” munoziva; artari yendarira, nenyoka yendarira, nezvimwe zvakadaro. Ndarira inotaura nezvekutonga. Tsoka dzaKe, zvino, Chechi yaJesu Kristu yakaiswa pakutonga kwaMwari. Kristu achifa panzvimbo yedu, Uyo Akarurama achiripira mutongo wedu kumusoro uko, pa...pamberi paMwari, ndokufira ipapo semutadzi pamuchinjikwa, uye mweya waKe wakadzika mugehena. Uye Mwari, vasingatenderi Mutsvene waVo kuti aone kuora, vakaMumutsa nezva retatu, kuti tiruramiswe; Uyo agere kuruoko rwaVo rwerudyi zvino, Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu; achadzoka nenzira imwe cheteyo yaAkaenda nayo Kudenga, kuzogamuchira Chechi inobwinya yakaZvigadzirira, yakagezwa neRopa uye

yakaberekwa kechipiri. Chiratidzo chakadii—chakadii. Ameni. Zvakanaka. “Sendarira yakanatswa,” kana kuti, zvino tarisai, “uye dzaKe...ne...”

Uye *tsoka dzake* dzakanga dzakaita se...ndarira yakanatswa, sekunge aive *akapiswa muvira remoto*; (Ndipo marara ose abviswa.) uye *izwi rake...izwi remvura zhinji*.

<sup>211</sup> Tarisai, iChechi iri kutaura kwaAri zvino, *mvura zhinji*. Zvakazarurwa 17:15, yakati, “Mvura zvinoreva huwandu nemhomho yevanhu.” Zvino, “Inzwi raKe,” kana kuti Munhu uyu akanga amire ipapo achitaridzika sezvizvi, Kristu muChechi yaKe, seMwenga naKristu vari Mumwe, semurume nemudzimai vari mumwe; Chechi naKristu vachiumbwa pamwe chete neMunhu mumwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete.

<sup>212</sup> Uye zvinhu zvakaitwa naKristu, Chechi inozviitawo zvakare. Munozviona here? Chechi iya yakanaka iri muhutsvene, musimba, muhushe, ine kuona zviratidzo, zviratidzo, zvishamiso. Zvinhu zvose sezvaAkangoita, hezvinoi zviri pano panyika; zvichipa rumbidzo yose kuna Mwari, achiti, “Hapana chaNdinogona kuita kunze kwekunge Baba vaNdiratidza; asi VakaNdiratidza, uye hezvinoi izvi.” Uye tinouya, toona, zvinhu izvi zvichiitika.

<sup>213</sup> Zvino, Kristu, akaumbwa kuva Mumwe.

...uye izwi...*remvura zhinji*...

Vanhu vazhinji, kwete mumwe chete; yaive Chechi yese, Machechi Manomwe akaumbwa pamwe chete muMutumbi mumwe chete mukuru wakadzikinurwa waShe. MaMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, vose vakaberekwa patsva neMweya Mutsvene, vachitaura nesimba raMwari, ndiwo Mutumbi. Ndiwo Mutumbi iwoyo.

Zvino mune *rwake rworudyi*...

<sup>214</sup> “Ndizvozvo.” Zvese zviri muBhaibheri zvine zvazvinoreva pazviri, munoona.

...*muruoko rwake rworudyi nyeredzi nomwe* (zvino iYe—iYe ndiMambo): uye kubva *mumuromo make* munobuda *munondo unopinza unocheka* nemativi maviri: uye *chiso chake chaiva* chakaita *sezuwa rinopenya nesimba raro*.

<sup>215</sup> Zvino, “Mumuromo maKe munobuda munondo unopinza unocheka nekumativi maviri,” kubva mumuromo meUyu akamira ipapo, Kristu neChechi vari mumwe.

<sup>216</sup> “Muruoko rwaKe Akabata nyeredzi 7.” Uye muchaona mumaminiti mashoma; ndinoda kusvika pazviri, regai Bhaibheri ringotaura zvazvaiva. Vaive vashumiri 7, mushumiri mumwe chete kuzera rega-rega reMazera Manomwe EKereke aya, achibuda, akavabata muruoko rwaKe rworudyi. Ameni.

Hoyo Uyo. Paiva nengirozi 7, vatumwa 7, mumwe kucheche imwe neimwe. Mazvibata?

<sup>217</sup> Hapoka, Amire ipapo.

*...zvino kubva mumuromo make munobuda munondo unopinza unocheka nekumativi maviri: . . .*

Munondo unopinza unocheka nekumativi maviri chii? VaHebheru chitsauko 4, yakati, “Shoko raMwari rakapinza, rine simba kupfuura munondo unocheka nekumativi maviri, kunyangwe kuenda kumwongo webvupa, uye Munzveri wemifungo yepfungwa.” Zvakanaka.

*Zvino ndakati ndichimuona, ndakawira pane dzangu. . . ndakawira patsoka dzake sendakafa. Zvino akaisa ruoko rwake rworudyi pandiri, achiti. . . Usatya; ndini wokutanga nowokupedzisira:*

*Ndini iye mupenyu, akanga akafa; uye, tarira, ndiri mupenyu nokusingaperi-peri, Amen; uye ini ndine kiyi dzehadhesi ne. . . rufu. (NdiJesu. Zvino tarisai.)*

*Nyora zvinhu izvi zvawaona, nezvinhu zviripo, nezvinhu izvi zvichazovapo shure kwaizvozvi; (Zvakanaka.)*

*Zvino chakavanzika chenyeredzi nomwe dzawaona muruoko rworudyi rwangu, ndidzo. . . ruoko, nezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama. Nyeredzi nomwe ndivo vatumwa vanomwe vekereke nomwe: . . .*

<sup>218</sup> Ooh! Batai izvozvo. “Ngirozi 7 vashumiri 7 vemachechi 7.” Paiva nechechi yemutungamiri weEfeso. Zvino kana Mwari vakatendera, uye tichizoenderera mberi nezvizvi, uye torega kutora *Munembo WeChikara*, ndinogona kukuratidzai mumwe nemumwe wavo, kudzika chaiko kuzera rino rekupedzisira, izvo chaizvo—izvo chaizvo zvavaive; ndokukuratidzai Chechi yeFiradherfia, yaiva maMethodisti, John Wesley; ndokukuratidzai kuti che—Chechi Tiatira, inouya mushure chaimo mePergamo; akanga ari Martin Luther, uye zvichienda zvichidzika chaiko nezera, uye ndoratidza mumwe nemumwe wavo akauya uye akaunza shoko, akasimbisa shoko munyika.

<sup>219</sup> Uye kusvika zasi chaiko kuMharidzo yekupedzisira, yanhasi, ndizvozvo, apo Mwari vakatuma Ngirozi kubva Kudenga, yakasimbisa muranda waVo, ndokutumira Mharidzo kune munhu wese. Ino haisi kuzova chechi. Haisi kuzova sangano mumazuva ano ekupedzisira. Nokuti, Mwari vakaisa sangano pasherufu, uye imi mose munozviziva izvozvo. Uye mirai kusvikira tapedza mangwana manheru, pane *Munembo Wechikara*, uye moona kuti chechi yenyu iri papi, munoona, nesangano renyu.

Zvino tarisai machechi.



...zvino *zvigadziko zvemwenje zvinomwe* zvawaona ndidzo *kereke nomwe*. (Ndiwo machechi.)

220 Uye *nyeredzi*, idzo, Akabata *nyeredzi* imwe neimwe. Zvino tarisai. Tingambomira here *zvishoma*? Ndinodziva kuti ndine maminetsi angangoita 12 asara pano uye ndinoda kusvika kuchitsauko chino ichi apa, uye ndochiverenga chose, kana pasina chimwe chinhu. Ndinoda kuunza izvi kwamuri. *Nyeredzi* yaiva mushumiri, uye mushumiri akazodzwa neMweya wakabva Kumusoro.

221 Unocherechedza here kuti unomiririra *nyeredzi* iri Kudenga, uye *nyeredzi* yose iri Kudenga inokumiririra? Maiziva here kuti Mwari vakaudza Abrahamu kuti mbeu yake yaizova senyeredzi dzeKudenga? Pakutanga dzaive guruva renyika, uyezve murumuko dzaive *nyeredzi* dzeKudenga, dzisingaverengeki. Makazvicherechedza here izvozvo?

222 Maiziva here kuti Jesu ndiye Nyamatsatsi yeMangwanani Inopenya, *Nyeredzi* hurusa panyeredzi dzose dzeKudenga? Oo, Hareruya! Ndikazvifunga, mweya wangu unosvetuka nemufaro. Hapoka paAri! Ipapo mumufananidzo waKe, muHupo hwaKe, tichagara rimwe zuva, Hareruya, kana zvinhu zvenyika ino zvapfuura.

223 Asi, teerera, rimwe Gwaro rinouya kwandiri. Dhanieri akati... PaAkati, “Pedyo...”

224 Paakaona Mutumwa uyu achiuya, aine muraraungu pamusoro pemusoro waKe; akaisa tsoka imwe panyika, neimwe pagungwa; uye akasimudza maoko aKe, ndokupika naiYe anorarama narinhi narinhi. Apo manzwi 7 iwayo paakataura awo... Mitinhiro Minomwe yakareva manzwi ayo. Akati, “Zarira; hazvizivikanwe kusvika pazuva rekupedzisira.” Akati, “Asi nguva iyo chakavanzika chaMwari ichi chichapedziswa, apo izvi zvichazarurwa kuChechi; uye akapika naiYe anorarama nokusingaperi-peri, kuti nguva haichazovepo.”

225 Teerera zvaAkataura ipapo zvino. Akati, “Enda nenzira yako, Dhanieri, zarira Bhuku.” Maona? “Nekuti uchazorora, uye uchamira mumazuva ekupedzisira, pamugove wako. Asi vazhinji veavo vanotendeutsira vazhinji mukururama vachapenya kupfuura *nyeredzi* nariinhi-nariinhi.”

226 Hezvoka izvo, “*nyeredzi*,” vashumiri vava 7. Vashumiri 7, kuburikidza neMazera Manomwe EKereke, anova makore 2,000.

227 Kubva pamakore 2,000 ekutanga, kuparadzwa kenyika nemvura zhinji; makore 2,000 echipiri, kuuya kwekutanga kwaKristu; makore 2,000 echitatu, echitanhatu, ndiko Kuuya kwechipiri kwaKristu; neMireniyamu, nemagumo, zororo rezuva rechinomwe.

228 “Kuchechi...” Oo, mungatsungirirawo here neni kwemamwezve maminetsi mashoma? [Ungano inoti, “Hongu.”—

Mupepeti] Zvino, handidi kukunetesai, asi ndichaverenga nekukurumidza chaiko zvino. “Kumutumwa . . .” Zvino tarisai, Ari kureva izvi kune waakanangana naye zvino. Uye tichaenda kuPergamo tonotora yekupedzisira yacho zvino . . .Ndinoreva, kuRaodhikia, uye tobva tavhara. Mangwana manheru tichatora kubva pano, pa*Munembo WeChikara*.

Kumutumwa wekereke yeEfeso . . . (Yekutanga.)

<sup>229</sup> Zvino tarisai, Jesu paakanga akamira akatambanudza maoko aKe kunze. Hechino chinhu chidiki chandisiri kuzorega kusiya, kwamuri. Chinzwei. Chitarisei. Akamira pakati, ndipo pakati, peZvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama.

<sup>230</sup> Zvino, dai ndanga ndimire pano *apa*, nezvigadziko zvemwenje zviri muhurongwa hwechidimbu chedenderedzwa nechepano, *apa* pane rumwe ruoko rwangu ndipo pandakazvibuditsa, uye *apa* pane chimwe, chiri muchiratidzo chemuchinjikwa, nokuti kwaiva kubudikidza nemuchinjikwa kwakaunza Chechi.

<sup>231</sup> Heuno Akamira; uye muraraungu uri pamusoro pemusoro waKe, sesungano. “Ndakaita sungano yaNgu neChechi, kubudikidza naAbrahama, kubudikidza neMbeu yake, vose vakadanwa.”

<sup>232</sup> Hama yangu, humwe husiku, pakugamuchira Kristu, yakati, “Usambondisunda, Bill.” Akati, “Kana Mwari vataura neni . . .”

Ndakati, “Haukwanise kuuya kusvika Vakudana.”

<sup>233</sup> “Hakuna munhu angauya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vadana.” Mumwe munhu anoita chimwewo chinhu, okudhonzera mudenga, ndemumwewo munhu. Asi kana Mwari vataura, unouya, munoonaka. Ndizvozvo chaizvo. Amirepo . . . “Hapana munhu anogona kuuya, kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva.”

<sup>234</sup> Hapoka Amirepo, “achitaridzika sedombo rejaspisi nesadhio, wekutanga newekupedzisira,” Benjamini naRubheni, madzitateguru ose ari 12. Uye kuti, Bhaibheri, zvose zvichingopindirana pamwe chete saizvozvo, zvose zvakakwana! Cherechedzai apo Akamira ipapo, kuti atarise zvino, tarisai zvinoitika. Akati Aiva “Arufa naOmega,” Aiva “Mavambo neMagumo. Uyo Aivepo, uye Aripo, uye AchazoVapo.” Aiva muruoko rwaKe rwerudyi, zvino, nenyeredzi 7.

<sup>235</sup> Zvino pano Akatanga paEfeso, uye Anotanga kubatidza chigadziko chemwenje. Akachitungidza ipapo. Zvino zera rinotevera, tinoona kuti, zera rechechi rinotevera, rinotanga kudzima; zera rechechi rinotevera rinowedzera kudzima zvishoma; kusvikira pazera rechechi yechina, makore 1,500 emazera erima. Uye kunge 500, 1,500, neche ikoko, rakatanga kusviba kwazvo kusvika rave kumusoro-soro, uye chakatopotsa chadzima.

<sup>236</sup> Uye, cherechedzai, rimwe nerimwe remazera aya echechi, Akati, “Hauna kuramba Zita raNgu. Hauna kuramba Zita raNgu. Hauna kuramba Zita raNgu.” Asi paAnobuda kune rimwe divi remazera erima, akati, “Une zita rokuti unorarama, asi wakafa.” Yakanga yaita sangano. Yakatora rimwe zita renhema.

<sup>237</sup> Tarisai, mangwana manheru, zviru antikristu. Ane rubhabhatidzo rwenhema, achikuita kuti utende kuti ndirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ane rubhabhatidzo rwemumvura rwenhema (Hongu, changamire.), urwo rwusitomborimo muMagwaro. Ane zvinhu zvose izvozvo, zvakangokwana kutevedzera, kuti ave nemano uye achinyengera.

<sup>238</sup> Tarisai pazvinobuda pachu. Ipapo ndipo pazvakatangira, imomo chaimo; zvinobuda kune rimwe divi neche *kuno*.

Zvino Akabva ati, “Unongova neChiedza chiduku,” Luther.

<sup>239</sup> Kwakabva kwazouya Wesley, uye nezvachainge chakaita muzera rake. Chakatangira kupenya.

<sup>240</sup> Zvino, kubva pakati pezera iroro nezera rekupedzisira, Vakaisa mukova wakazaruka. Vakaisa mukova wakazaruka kune avo vaizopinda. Zvino Vakati, “Yakaenda mberi kunopinda muchinhano chokudziya.” Zvino Vakaisvipa kubva mumuromo maVo. Vakatora vakasara, rumuko ndokuuya, zvino haVo ndokuenda navo. Ndizvozvo.

<sup>241</sup> Hoyoka Uyo, amire muZvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama. Zvino:

*Ku...kereke yeEfeso nyora; Zvinhu izvi... nyora; Zvinhu izvi zvinotaura iye akabata nyeredzi nomwe muruoko rwake rworudzi, anofamba pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama;*

<sup>242</sup> “Ndinoziva mabasa ako.” Rangarirai, hauna kukanganikwa.

*Ndinoziva mabasa ako, nokushingaira kwako, nokutsungirira kwako, uye...haugoni kugamuchira avo vakaipa: . . .*

<sup>243</sup> Zvino tinongogamuchira chero chese-chese chakaipa, tochiti chinamoto. “Oo, zvakanaka, vanoenda...Tinoenda kuchechi. Takanganakawo sevamwe vanhu vese.” Woenda kumba chaiko, wogara kumba neChitatu manheru uchiona terevhizheni, acho makomba chaiwo egehena. Ndizvozvo. Uye vobuda chaiko kunze kundoteerera kumabhaisikopo, vari mudzimota. Kuri kupisa zvakanyanyisa kuenda kubhaisikopo, kunyangwe...kuchechi; uye kunyange muparidzi anovhara, pakati pezhizha. Unoti, “Kuri kupisa zvakanyanyisa kuti ndiende kuchechi.” Hakusi, zvakatoshatisisa, kuti ugoenda kugehenaka, hama. Uchaenda hako, mamwe emazuva ano, kunenge kuchipisa kupfuura izvozvo. Itoteerera zvako.

244 Ungagona sei? Hama, hawaigona kuita kuti njiva idye bhiza rakafa, kana waifanirwa kudaro. Hayaikwanisa kuzviita. Hunhu hwayo hwakatosiyana. Njiva haina nduru. Haikwanise kuzvigaya mudumbu.

245 Uye munhu akaberekwa patsva, neMweya waMwari, haagone kudya zvinhu izvozvo. Haakwanise kuzvitendera. Hazvimo mupfungwa dzake. Haakwanise kuzviita. Haakwanise.

246 Munozviziva. Dzinofura nzivane. Uye, nhasi, nyika nekereke zvafanana zvakananyanya, iwe... Vanotaura zvakanafanana, vanonwa zvakanafanana, vanoputa zvakanafanana, vanotuka zvakanafanana, vanopfeka zvakanafanana, vanoita zvakanafanana. Uye ivo, haukwanise kuona musiyano wemumwe kubva kune mumwe, asi zvakadaro unofanira kunge wakasimbiswa neMweya Mutsvene.

247 Zvakasimba kwazvo, hama, asi, ndinokuudzai, zvichakupai Hupenyu.

248 Paiva nemumwe muchinda, imwe nguva, akaenda kune rimwe boka revaparidzi, kwavaiva neseminari, yainzi chikoro chevaporofita. Zvino mumwe wavo akati, “Isai poto huru zvino. Tiri kuzova nesvusvuro.” Akati, “Eria auya, murume ane zvezmazvirokwazvo mugove wakapetwa kaviri.”

249 Saka mumwe wemachinda acho akabuda kunonhonga dzimwe—dzimwe nyemba, akatora chitsama chemapudzi egirinhi akaaisa mupoto, akatanga kuafashaidza. Zvinoka, vakatanga kudya. Vakati, “Maita rufu mupoto umu.” Zvakangoda kufanana nemamwe emaseminari aya zvaanogona kubikawo, zvakare. Ndizvozvo. Vakati, “Maita rufu mupoto umu.”

250 Eria akati, “Mirai zvisihoma, tinogadzirisa izvozvo.” Anoenda onotora chanza chizere chehupfu, ndokuhukandira mukati, saka izvozvo zvakashandura zvinhu. Hupfu, chipiriso chehupfu, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” hwakakuiwa zvakatsetseka zvakanafanana, kuitira chipiriso chehupfu, uye zvakaite mutsauko.

...haugoni kuvagamuchira avo *vakaipa*: uye *wakavaedza ivo vanoti tiri vaparidzi*, kana kuti, *vapostora*, uye *vasiri*, uye *ukavawana vari varevi venhema*.

251 Ndizvo zvaAkataura; Handina kumbozvita. Ndiri kungotaura zvaAkataura. Asi munoziva zvinodiwa naMwari here? Mwari vanoda rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kana kuti wakarasiika.

252 Zvino mumwe murume wekuno ane maD.D.D., nema L.D., nemaPh.D. mashoma, nedhigirii reBachelor, nezvimwe zvose shure kwaizvozvo, asi dzimwe nguva asingazive nezvaMwari zvachose. Ichokwadi. Hama, izvozvo hazvina zvaazvinoreva.

Asi pasi rose rinoti, “Zvinoka, mushumiri wedu ndiChiremba weDivinity.” Oo, nhai vedu. Izvozvo hazvinei nechekuita naMwari se—sekutora mvura uchinwa; kwete zvakanyanya. Ndizvozvo chaizvo. Mwari havana basa kuti mangani maPh.D., kana maD.D. Uye—uye munoziva zvinodanwa Bhaibheri kuti . . . Zvino, idzi hadzisi nyambo, nekuti handitendi mukudzitaura. Asi Bhaibheri rinoti D.D., “imbwa yakafa.” Ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti zvaive, “imbwa yakafa.” Zvakana, rakati, “Havagoni kuhukura.” Saka, zvino, zvakana.

*Uye ukatsungirira, nokuva nomwoyo murefu, nokuda  
kwezita rangu . . .*

253 Oo, ndinoda kunyatsozvitsokodzera kuti zvipinde, saka muri kuzozviwana izvozvo muhusiku hushoma, Mwari vachitendera.

. . . wakashingaira, uye *ukasaneta*.

254 “Makanyatsogara naRo.” Zvakana. Cherechedzai.

Zvisinei ndine zvimwe zvinhu zvandinopesana  
newe, . . .

255 Zvino, pano ndipo pandinofanira kusiira zvino, kwechinguvana, kusvikira ndaunza izvi kumusoro kuno kuti tigozvitora mangwana manheru.

. . . ndine zvinhu zvishoma zvandinopesana newe,  
nekuti *wakasiya rudo rwako rwokutanga*.

256 Dambudziko retabhenakeri nderei? Munhu anofanira kukwanisa kuti, kana wasangana nemunhu, “Zviitiko zvako zveChikristu, ndepapi pazvaive zvakakoshesesa kwauri?”

Unofanira kukwanisa kuti, “Iko zvino!”

257 “Zvinoka, chiitiko changu chakanakisisa chaivepo kare pandakawana rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene pekutanga, pandakauya.”

258 Zvino woti, “Oo, hama, makawa kubva panyasha.” Ndizvozvo. Tarisai.

. . . *wakasiya rudo rwako rwokutanga*.

Kuratidza kuti vaive nechimwe chinhu pakutanga, zvino vakachisiya.

259 “Kwete uyo anotanga; asi uyo anotsungirira kusvika kumagumo, mumwe cheteyo achaponeswa.” “Kwete uyo . . . vose vanoti, ‘Ishe, Ishe,’ asi uyo anoita kuda kwaBaba vaNgu.” Oo, regai ndingozvirega zvichisinina kwemaminetsi mashoma. Ndanga ndiri kutaura nekukurumidza manheru ano, zvisinei, saka regai izvozvo zvinyatsosinina kwemaminetsi mashoma, munoona. “Uyo anoita kuda kwaBaba vaNgu.” “Uyo anotsungirira kusvika kumagumo. Uyo anotsungirira!”

260 Kana mumwe munhu akati, “Ndinotenda iye, muchinda uyo, munyengeri wekare.”

261 “Zvakanaka, kana uchifunga izvozvo pamusoro pangu, ndichasiya chechi. Handizova nechekuita nayo.” Zvakanaka, hezvoka izvo. Maona? Zvinoratidza zvawakaumbwa nazvo. Hama, kana raive gorosi pakutanga, richava gorosi pamagumo. Hauna kumbogara kwenguva yakareba zvakanaka zasi kuno. Haugoni kuita chinhu chacho zvakanaka. Ndizvozvo.

*Naizvozvo rangarira pawakawa, . . .*

262 Dzokera uye rangarira pawaimbove nechitiko pawaisambotaura pamusoro pemumwe munhu. Pakakanganisika chimwe chinhu muchechi, hauna kunogara pamasitepisi emuvakidzani wako ari uko ndokutaura pamusoro pechechi, uye ndokutaura pamusoro pevamwe vanhu vose, wogumbuka woenda kunojoinha imwe chechi. Kwete, wakagarapo, ukatsungirira ukanamatira nyaya yacho, uye Mwari ndokuzvigadzirisa, munoona.

*Rangarira . . . kubva pawakawa, utendeuke, . . .*

263 Munoziva kuti “tendeuka” zvinorevei, hamudaro here?

*. . . uye ugoita mabasa ako okutanga; . . .*

264 Dzokera utore chitiko chako chekutanga. Ita zvinhu zvavakaita pakutanga. “Enda kuartari unogadzirisana naMwari,” nemamwe mashoko. Ndizvozvo chaizvo.

*. . . ita mabasa ako ekutanga; kana kuti ndichauya kwauri nekukurumidza, ndigobvisa chigadziko chako chomwenje panzvimbo yacho, kunze kwekunge watendeuka.*

265 Uh-huh, “Kana ukasadaro, uchave nechechi yakapamuka, uye yaparara, kunze kwekunge watendeuka.”

266 “Asi izvi iwe. . .” Oo, hezvino tauya. Bata zvakasimba. Nyatsoteerera. Ramba wakapfeka bhachi rako rekunamata zvino, uye dzikisa amburera yako pasi. Teerera. Nokuti. . .

*Asi chinhu ichi unacho, kuti unovenga mabasa emuNikoraiti, ayo andinovenga neniwo.*

267 “Unovenga mabasa emuNikoraiti.” Zvino tarisai. Chaiva “mabasa” muEfeso, muzera rechechi raitevera, chakava “dzidziso.” Tichazvitora izvozvo, mangwana manheru, “muNikoraiti.”

*Zvino ane nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke; Kuna iye anokunda ndichamupa kuti adye muti woupenyu, uri pakati peparadhiso yaMwari.*

268 Zvino, inotevera, ndima inotevera inotanga neChechi yeSmirna.

269 Zvino, “chiNikoraiti,” ndipo patichatangira, mangwana manheru, zvikatorwa kubva muna Zvakazarurwa 13. Huprisita hwechiNikoraiti, kuti hwakatanga sei imomo muEfeso. Uye ndipo pakakundikana zera iroro rechechi, mumakore 300

ekuvapo kwayo. Isati yatsakatika, vaNikoraiti vakatanga kuvamba dzidziso, huprisita hwehama.

<sup>270</sup> Uyezve, pakutanga, yakabva kuna Nikorasi, aiva mumwe we—wevaapo—...mumwe we...uye iye...Muna Mabasa chitsauko 6, ndinotenda, uye ndima 5, kwaakaenda uye akasarudza madhikoni. Zvino vakatora uyu, ainzi Nikorasi ipapo, ndokutanga kubva ipapo ndokuidana kuti chiNikoraiti, uye vakatanga kuronga huprisita. Zvino kubva ipapo akava “mabasa,” zvavaiita, vachitaura zvinhu izvi zvekureurura, nezvimwe zvakadaro. Ndokubva azova “dzidziso” kuno uku, ndokuenda muBhabhironi. Ndokugumisira zasi kuno, panguva yekupedzisira, neChikristu chose chakaiputira; vanongova vashoma vakasara vachaponeswa kubva mazviri. Tarisai muone zvazviri, mangwana manheru, kana Mwari vakatendera.

<sup>271</sup> Oo, hama yangu inodikanwa, hanzvadzi yangu inodikanwa, kune Uyo anokwanisa kukudzivisa kuti usawa, kune Uyo anokwanisa kubata moyo wako munyasha, dai Akadeura maropafadzo aKe pamusoro pako. Usambofa wakakanganwa kuti tiri kurarama mumazuva ekupedzisira ezera rechechi yekupedzisira, kwazvakafanotaurwa kuti izera rechechi ine kakudziya, inongovawo isina hanya naZvo. Uye rega kuva asina hanya. Nyatsouya chaizvo kuna Kristu, nemoyo wako wese.

<sup>272</sup> Handisi kukuudza chechi yekujoinha. Izvo hazvina... Mwari havazombokuvhunza izvozvo paKutongwa. Kwete, changamire. Havana basa kuti unopinda chechi ipi.

<sup>273</sup> Vanoda *iwe*; munhu pachako. Uye unofanira kuberekwa patsva wogamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kana kuti waparara. Maona? Uri kungoita mahumbwe ekunamata, uri kungotevedzerawo hako, kusvikira chaizvo wava nechiitiko chekuzvarwa patsva.

<sup>274</sup> Uye ipapo, Uyo akamira ipapo, neZvigadziko Zvemwenje Zvinomwe Zvendarama, kubudikidza nemuMazera Manomwe EKereke, uye Mweya Mutsvene mumwe chete wakatungidza Chechi ipapo, unoItungidza kuno uku.

<sup>275</sup> Zvino, kwakava nevanotevedzera muchechi iyoyo, uye vaNikoraiti ava ikoko, nekwise zvichidzika nemuzera rega-rega rekereke, vatevedzeri, kusvikira yasvika zasi kuno kusvika yangovawo hayo mubatanidzwa mukuru kwazvo wesangano. Uye Mwari vanokavira chinhu chacho chose kunze, uye votora vakasara vevanhu kuenda muKubwinya.

<sup>276</sup> Ishe ngavakuropafadzei. Izvi zvakaita sekukwasharara, shamwari, asi zvakanaka. Zvichakubatsirai uye nokukuchengetedzai kuti musawa. Zvino, musatenderera, muchiti, “Hama Branham vakarasa chechi yangu.” Zvanga zvisina kuitirwa chechi ipi zvayo. Zvanga zvichingoitirwa iwewe chete, sedungamunhu. Handi... .

<sup>277</sup> Kana uri wechechi yeBaptisti, zvino chiva muBaptisti chaiye akazadzwa noMweya Mutsvene. Kana uri wechechi yeMethodisti, chiva muMethodisti chaiye akazadzwa noMweya Mutsvene, chero zvairi. Zvino hauzova anoshoresa; uchava ropafadzo kucheche ipi zvayo, kana nharaunda ipi zvayo, kuitira kubwinya kwaMwari.

Dai Ishe vakuropafadzai zvino, tichisimuka, kana mungadaro.

<sup>278</sup> Tenzi weHupenyu Anodikanwa, mushure mekuverenga Shoko reNyu, tinomira mukushamisika. Tichicherechedza kuti rimwe zuva kuverenga uku manheru ano kuchava... TichaRinzwa patepi rakarekodhwa, sezvaraiva, paZuva reKutongwa. Tichazoitei nezvazvo? Tichiona kuti tiri kurarama muzera rino rokupedzisira, rima riri kwese-kwese, inguva yakadini. Tinoona Kuuya kwaShe, zviratidzo zvichionekwa, “masaisai makuru ari kukunguruka; moyo yevarume ichikundika, kutya; kuvhiringidzika kwenguva; kushushikana pakati pendudzi.”

<sup>279</sup> Vazhinji vanoti, “Oo, ndakazvinzwa izvozvo kwemakore.” Asi Rugwaro haruna here kutaura kuti vachataura kudaro, “Hapana mutsauko panguva apo madzibaba edu akarara”? Vasingazive kuti tasvika chaipo pamukova. Anogona kuuya mangwanani asati avepo.

<sup>280</sup> Uye, Baba, kuti izuva ripi kana nguva ipi, yatinoziva isu, yekuti tushinda utwu twusina kusimba twehupenyu twatiri kufamba pamusoro patwo twuchadambuka pasi pedu. Mweya yedu inonzwisa urombo icharemba ikoko iri muchikero, paShoko raMwari, uye nemaonero edu ezvatakanzwa nekuverenga.

<sup>281</sup> Zvakatifanira, Ishe, kuti timire zvino tizviongorore. Uye apo varume nemadzimai, vakomana kana vasikana, vakamira pano muungano duku ino, manheru ano, vari mupfungwa dzavo dzose uye dzakakwana, dai vakafunga zvakadzama iye zvino. Uye kana vasati vaberekwa patsva, dai vakatsunga mumoyo mavo iye zvino, “Handife ndakadya kana kunwa kusvikira Mandizadza nemana imwe chete yaMakavagutsa nayo paZuva rePentekosti. Kusvikira nyika yafa, uye zvinhu zvose zvosava zvakakosha kunze kweNyu, Ishe waNgu, uye rudo rwezvimwe zvinhu zvose rwuchapera. Asi bvisai rudo rweze rwenyika kubva mandiri, uye itai kuti kubva nhasi ndive weNyu zvachose.” Zviiteiwo, Ishe.

<sup>282</sup> Ivai nevanhu pavanoenda kudzimba dzavo. Rangarirai vanoshayiwa, O Mwari, varombo munyika yedu, varombo pamweya, avo vane nzara.

<sup>283</sup> Mwari, simudzai vashumiri, kwese-kwese. Vazadzei neMweya Mutsvene, uye muvatume, vachiparidza, Ishe, semazimbe emoto. Hatizive kuti inguva ipi... Tinongopfuura nenzira iyi kamwe chete. Tinongova vanhu venyama kamwe





54-0512 Mazera Manomwe EKereke  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)